Щыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэр уи нэкIэ плъэгъун хуейщ

2-нэ нап.

Махуэшхуэ зэхьхьэ

2-нэ нап.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

5-нэ нап.

ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ я зэфIэкI

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№136 (24.574) ● 2023 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

БжьыхьэгъафIэ

4-нэ нап.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Щ1алэгъуалэ Iуэхущ1апIэм йолэжь

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Кулиевым и щIэр зезыхьэ уэрамым щаухуэ щIалэгъуалэ центрым - ЩIалэгъуалэм я унэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щыгъуазэ зищIащ щэкIуэгъуэм и 11-м.

ЦЕНТРЫМ иубыдынущ метр зэбгъуэзанатIэу мини 6,5-рэ. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Урысейм ЩIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и агентствэм къриохьжьа, ныбжьыщIэхэм зрагъэужьыныжьмкIэ политикэ программэу «ЩIалэгъуалэ щIыналъэм» щыщIу мы проектыр.

Абы и яп1э Iыхьэм къеГъэуфэ республикэм ис щIалэгъуалэм папщIэ центр яухуэн хуейуэ. Ухуэныгъэм и етIуанэ къатым сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэщIэхъеенигъэу «Пэрытхэм я зэгухьэныгъэр», Псапащ1эхэм я центрыр, «Эльбрус» корпоратив университетыр, КЪБР-м ЩIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и министерствэр щыпхьэжьнущ. Ещанэ къатыр еинущ егъэджэныгъэмкIэ, зыужьныгъэмкIэ къудамэхэм.

2024 гъэм яп1э къатым республикэм и концерт зал нэхъ ин дыдэр зыхэт арт-хьэщIэщ щаухуэнщ, гъэлъэгъуэныгъэхэр, лекцэхэр, нэгъуэщI пшыхьэр щрагъэкIуэкIырын хьэщIэщхэри къызэIуахынущ.

Нэхъ пасэу Шэрэдж щыналъэм, Къэщэнтау къуажэм лэжьэн щыщIидзащ муниципальнэ щIалэгъуалэ центрым, апхуэдэ дыдэ Нарткъалэ хьэзыр щохьу. Е1анэгъэ республикэм и щIалэгъуалэм папщIэ щыIэ Iуэхущ1апIэхэм кьахэхъэнущ Анзорей, Май, Тырныауз, Шэджэм къыщызэIуахыну центрхэр.

Спорт центрыр зрегъэлъагъу

КIуэкIуэ Казбек щыIащ Кэнжэ къуажэм дэт, цIыху 900-м нэблагъэм зыщагъасэ «Академия «Пять колец» спорт центрым.

АР 2020 гъэм яухуащ КЪБР-м и хьэрычэтыщIэхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ икIи мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ щIыналъэм спортым зыщIиужьныныкIэ. Проектыр яГъэзэщIэныжьмкIэ республикэр щIэгъэкъуэн хъуащ зыхуэныкъуэ инфраструктурэр къызэгъэпэщIныжьмкIэ - центрым екIуалIэу ящIащ уэздыгъэхэр щыблэу гъуэгу, машинэ гъэувыпIэхэр иIэщ.

Спорткомплексым иубыд щIыналъэр зы гектарым щIегъу. Унэм пэщIышхуитI хэтщ, абыхэм тхэквондомрэ бэнэкIэ хуитымрэ зыщыхуагъасэ. Апхуэдэу щыгъынхэр щызэрахъуэкI, зыщагъэпскI пэщIэхэр хэтщ. Центрым и пщIантIэм дэтщ амфитеатр, футбол щыджэгу Iэрыщ1 губгъуэ екIуи дащIыхьащ.

Мы зэманым академием нэхъри зеужь. Къатих хъу унэр дращIей, абы щIэсынущ республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм хэтыну къаIуэ, зыгъэсэныгъэхэр щезыгъэкIуэкIыну спортсменхэр. Къищынэмыщ1ауэ, спорт пэщыщIэ яухуэ. Проектым и инженер, транспорт инфраструктурэр зыхуей хэгъэзэныныкIэ республикэм мылъкукIэ защIигъэкъуэнущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэр ельащ1ащ спортсмен ныбжьыщIэхэм зэрызагъасэм. Центрыр сэбэп мэхъу спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдзэкэм щIыналъэм зыщIиужьныныкIэ - тхэквондом, бэнэкIэ хуитым, дзюдом, гимнастикэм, футболым.

Иджыблагъэ, академиер дэIэпыкъуэгъу хъури, Кэнжэ дэт курыт школ №20-м цIыху 50-м зыщагъэсэн бокэр пэш къыщIэуахащ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэуэ.

«ЩIэн къытесхьэркъым «Академия «Пять колец» спорт центрым и гъэсэнхэм мыгувэу республикэм и спорт екъулIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIынум», - щIыжIащ КIуэкIуэ Казбек социальнэ сетым щиIэ напэкIуэцIым.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыщигъэгъуэзащ КИФЩI-м дежкIэ зихуэдэ щымыIэ «Дивизион Эльбрус» Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэм. **Абы къыщIегъэжI экономикэм и унэтIныгъэ зэхуэмыдзэхэр зыхуэныкъуэ автотранспорт техникэр: автоцистернэхэр, гъэсэныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, мэзутIыр, чэзэпыр, спиртыр, аммиак тKIуатKIуэр, углеродыр щахъумэ кумбыгъэхэр, АГЗС-хэр**.

МЫ ЗЭМАНЫМ автотранспорт техникэ къыщIэзыгъэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэр а заводым и закъуэщ, ар Урысейм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и реестрым хагъэхьащ, дунейпсо код щхьэхуэзэри къыхуагъэфащащ. Къыщ1игъэкIым елъытакIэ, абы хуэдэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм щыIэкъым.

ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу заводыр хъуащ къэралым гъэсыныпхъэхэр къызэрыщ1рашэкI автоцистернэхэмрэ цистернэпыщIэнхэмрэ къыщ1эзыгъэкI Iуэхущ1апIэ нэхъыфIхэм ящыщ зы. Техникэм щIэупщIэ щIIэщ Урысейм и хэгъэгу псоми хамэ къэрал гъуэнгъуэхэм.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ предприятэм и унафэщIымрэ тепсэлъыхьащ заводым адэкIэ зэрызиужьынымк, къэралым щIэгъэкъуэн къаззрихуэхъуфыну Iуэхугъуэхэм.

Республикэм ПромышленностымкIэ, энергетикэмкIэ, сатумкIэ и министерствэмрэ компанием и унафэщIымрэ зэгъусэу яубзыхунущ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр къаззрыIэрихьэну хэкIыпIэхэр.

Зыужьыныгъэм и хэкIыпIэхэр яубзыху

Iуащхьэмахуэ лъапэ и лъапIэныгъэмрэ абы нобэ щыIэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ цIыхухэм яхутепсэлъыхьащ Урыс географие зэгухьэныгъэм и щIалэгъуалэ клубым и унафэщI Мокаев Тенгиз. Уеблэмэ альпинизмэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ ар цIыхуэхэм зэрызыкIэралъхьэмрэ теухуа мастер-классхэр иригъэкIуэкIащ, къищынэмыщIауэ, Iуащхьэмахуэ дэкIуей гъэзыгр адрейхэм къаззрыщхьэщIыкIыр ягуригъэIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым турист нэхъыбэ къаКIуэу зэтеубгъэныкIэ, цIыхухэм зыгъэпсэхупIэ ящIынымкIэ сэбэп хъунухэм ящыщщ «Нарзанхэм я ауз» эко-паркыр. Абы и лIыкIуэ Головченкэ Андрей къызэхуэсахэм щыIпIэ дахэр яригъэцIыхун папщIэ упщIэ-жэуап жыпхъэм ит джэгукIэ ядригъэкIуэкIащ а махуэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжьищ, щэкIуэгъуэм и 4-м щегъэжьауэ мультимедийнэ Iэмал екъэжахэр къагъэсэбэпкIэрэ ВДНХ-м щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэхьэ иным сыткIи хуэфащэу хэт Къэбэрдей-Балъкъэр стендым къэралпсо, дунейпсо утыкуэм кърехьэ мэкъумэш IэнатIэм, щэнкабээ щIэинхэм, иджырей егъэджэныгъэ Iэмалхэм, цIыхубэ Iэщ1агъэхэм ятеуха теплъэгъуэхэр, апхуэдэуи пIэпкъ шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIыурэ абы щытекIуахэм республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къыззрыкIуэн путевкэхэр ират.

Iуэхугъуэ куэд хьэщIэхэм пагъапIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэру яГъэува дыгъэгъазэм и 9-м.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

«Iуащхьэмахуэ и тхьэмахуэ»

Дуней псор фIэтелъыджэу кIэлъыплъу, ди цIыхухэм иригушхуэу зыщигъэгъуазэу Москва дэт ВДНХ-м щокIуэкI «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-зэхьхьэ иныр. Абы щIыпIэ хэха щеубыд Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и екъулIэныгъэхэмрэ нобэ иIэ щыIэкIэ-псэукIэмрэ зэхъыгъэлъагъуэ утыкум.

ТХЬЭМАХУЭМ щIигъукIэ абы щекIуэкIащ «Iуащхьэмахуэ и тхьэмахуэ» Iэху хэхар. Къалащхьэм дэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ махуийм къриубыдэу ирагъэщIыхуащ ди хэгъэгум и турист IэнатIэм цIыхухэм яхуигъэпIаГъуэ Iэхуэтхьэбзэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, нэгу зегъужьыпIэхэр. Технологие ехьэжьахэмкIэ уэзда ди «хьэщIэщым» къыщIихьэ псори экран иныжкIэ щрагъэплъ Iуащхьэмахуэ нобэ зэрызиужьам. Удимыхьэхынкэ Iэмал иIэжьым уэсыщIхэ щыгуитIыр щыфIэрафIэ бгыпIэ щIыпIэм, кIапсэ гъуэгуэхэм дэкIуей кабинэхэм, нэжэгужэу абы къыщIэзыкIуэ, къыщIэжьжьы туристхэм траха видеохэм. А хъуэпсэгъуэ псори нэрылъагъу щIыкIэу уи нэгу къыщIеГъуэвэ иджырей Iэмалхэмкэ я1гъэпса блын абджыпсым.

«ЦIыху нэхъыбэ къыщIэзэхуэсыр щэбэт - тхьэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэхэращ, а махуэхэм яригъэщIыхуащ Фроловэ Дарье. Абы и дэIэпыкъуэгъу гъэщIэгъуэнт Бажэ гуащэ лъагэр. Абы Iуащхьэмахуэ зэзыгъэлъагъуну, зэзыгъэщIыхуну хуей цIыхухэр кьриГъэблагъэрт, зыгъэпсэхупIэм и фIыпIэхэр щIыпхыгъэкIыныжьмкIэ, щэхуакIуэхэр къэгъуэтIныжьмкIэ, рекламэ IуэхугъуэхэмкIэ, нэгъуэщI-хэмкIи.

Мы Iуэхугъуэм фIыуэ къыдэкIуэнухэм ящыщщ, къапщтэмэ, ар хамэ къэралым щыIэ бизнесым дэт Iуэхущ1апIэхэр хэпщIа зэрыхъунур, я Iуэхугъэ нэхъ тынчу зэрыдагъэкIынур, экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэрефIэкIуэнур.

2023 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм кьриубыдэу апхуэдэ сату щIыпIэхэр япэу къыщIэзэIуахынущ Китайм и Шанхай къалэм. Абы нэмыщI, Вьентаймэ и Хошимин къалэм щыIэжьэну хуейхэм я лъэIу тхьапэр нэхъыжьм щIадзащ. Дыззэрит илъэсым и кIэм нэсыху апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэр къыщыз1уахынущ Хьэрпп Эмират Зэгъэтхэми.

Ди республикэм и хьэрычэтыщIэу программэм хэтыну мурад зыщIэхэм зыхуагъаз хъунущ Урысей экспорт центрым дунейпсо проектхэмкIэ и эксперт нэхъыжьм Щадзащ. Анастасиэ. Абы и электроннэ поштыр - Morozkina@exportcenter.ru., телефонхэр +7 (495) 937-4747 (дэщIыгъуэныгъ. 6227), +7 (926) 302-6979.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди къуэш республикэхэм

Зэрызэдэлэжьэнум топсэлъыхь

АБХЪАЗ. **УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарым и япэ къуэдзэ Нургалиев Рашидрэ Абхъазым и Iэтащхьэ Бжание Асльэнрэ Мэкуу щызэхуэзащ**.

ЛЪЭНЫКЪУИТIЫР тепсэлъыхьащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным екъэлIэу зэрызэдзалъэнум. Апхуэдэуи гулъытэ хуащIащ энергетикэм пыщIауэ зэфIахыну я мурадхэм. Зэлущ1эм хэтащ Абхъазым и премьер-министр Анкваб Александр.

Илъэсыщ1эм хуэхьэзырщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Дызыпэплъэ Илъэсыщ1эм и зыгъэпсэхугъэу махуэхэр республикэм и курортхэм щызыгъэкIуэнуэхэм пасэу къыхахащ къыщIыуВыIэну хьэщIэщхэр**.

- КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым и зыгъэпсэхупIэхэм сыт щыгъуи щIэупщIэшхуэ яIэщ илъэсыщIэр къыщIихьэ махуэхэм. Ди хьэщIэхэм фIыуэ ялъагъу Домбайрэ Архъызрэ я нэгу зыщагъэужьыну. Иджыри маззэрэ ныкъуэрэ иIэми, къыщIыуВыIэнухэм я процент 96-р къащтакIэщ, - жиIащ республикэм туризмэмрэ курортхэмкIэ и министр Текеев Расул.

Дызэрыт илъэсым и мазибгъуэм Къэрэшей-Шэрджэсым и курортхэм зыщапIыхьащ цIыху мелуан 1,6-м щIигъум. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы гъэм и кIэм ирихьэлIэу а бжьгъэр мелуани 2,1-м нэсынущ.

Къапщтэмэ, КъШР-м зыплъыхьакIуэхэр щрагъэблагъэ хьэщIэщ, зыгъэпсэхупIэ, пансионат жыпIэми 200-м щIигъум. Абыхэм зэуэ щIэхуэнущ цIыху мини 120-рэ.

Хьэрычэтыщ1эхэри кърашэлIэнущ

АДЫГЕЙ. **Урысейм и Президент Путин Владимир трегъащIэ щIыналъэхэм я мэкъумэщыщIэхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, гъавэ сэгъуэм, къехьэлIэжьигъуэм деж сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэным, Iэнатl эм хьэрычэтыщIэ нэхъыбэ къешэлIэным. А Iуэхугъуэхэр Адыгейм и унафэщIхэм нэхъыщхьэу я нэIэ зытетхэм ящыщщ, - жиIащ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат**.

КЪЭРАЛЫМ и Унафэщ1ым къахуигъэувахэм нэсыным Адыгейм сыт и лъэныкъуэкIи хуэфащэ гулъытэ щыхуащI. Мы гъэм мэкъумэшыщIэхэм, абыхэм я1ахэм елэжь Iуэхущ1апIэхэм зыщIагъэкъуэным федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкIыну сом мелуан 804-рэ хухахащ, нэгъабэ елъытауэ процент 13,3-кIэ нэхъыбэ.

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, унагъуэхэм я гъэш фермэхэм республикэ бюджетым щыщ мылъкукIэ зыщIагъэкъуэну унафэ кьащтащ. Апхуэдэуи щIыналъэм къуажэхэм зыщагъэужь. Дызэрыт илъэсым абы хухахащ сом 1 мелардым щIигъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хамэ къэралхэм сату щIыпIэхэр къыщыхузэIуах

Я ерыскъыхэкIхэр хамэ къэралхэм щызыщIэну, а щIыпIэхэм щылэжьэну, сату щIыпIэхэр къыщыз1зуIыхыну мурад зиIэ хэм папщIэ Урысейм и экспорт центрым мыхьэнэшхуэ зиIэ программэщIэ къызэригъэпэщащ.

ПРОГРАММЭМ ипкъ иткIэ хамэ щIыналъэхэм къыщыз1уахынущ сыт щыгъуи лажьэ гъэлъэгъуэныгъэ-тыкуэн цIыкIухэр, къыщIыхьэхэм я ерыскъыхэкIхэр ирагъэлъагъун, Iуагъэхуэн папщIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди хьэрычэтыщIэхэм я зэфIэкIхэр зэдзынэсым нэхъыфIу щыгъуазэ хуэнущ цIыхухэр, я продукцэм къыщIэупщIэнущ икIи пщIэныгъэщIэр яIэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Программэм хэтынухэм я мылъкур зытрагъэкIуэдзнур гъуэгупщIэмрэ хьэпшыпхэр щрашкIэ таможнямэ екъэлIэ Iуэхугъуэхэмрэщ. Мыдрейуэ, сату щIыпIэхэр, абы щIэтыну унэлъащIэхэр, стендхэр, ахэр гъэпэжьэн щхьэкIэ уэзыхуэныкъуэнум, нэгъуэщI-кьинэмыщI Iуэхугъуэхэм пщIэ щIатынукъым.

Абы нэмыщI, Урысейм и экспорт центрым и гупым хэтхэр кьадэIэпыкъунущ хамэ къэралхэм щащэну яша ерыскъыхэр а щIыпIэхэм щIыпхыгъэкIыныжьмкIэ, щэхуакIуэхэр къэгъуэтIныжьмкIэ, рекламэ IуэхугъуэхэмкIэ, нэгъуэщI-хэмкIи.

Мы Iуэхугъуэм фIыуэ къыдэкIуэнухэм ящыщщ, къапщтэмэ, ар хамэ къэралым щыIэ бизнесым дэт Iуэхущ1апIэхэр хэпщIа зэрыхъунур, я Iуэхугъэ нэхъ тынчу зэрыдагъэкIынур, экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэрефIэкIуэнур.

2023 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм кьриубыдэу апхуэдэ сату щIыпIэхэр япэу къыщIэзэIуахынущ Китайм и Шанхай къалэм. Абы нэмыщI, Вьентаймэ и Хошимин къалэм щыIэжьэну хуейхэм я лъэIу тхьапэр нэхъыжьм щIадзащ. Дызэрыт илъэсым и кIэм нэсыху апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэр къыщыз1уахынущ Хьэрпп Эмират Зэгъэтхэми.

Ди республикэм и хьэрычэтыщIэу программэм хэтыну мурад зыщIэхэм зыхуагъаз хъунущ Урысей экспорт центрым дунейпсо проектхэмкIэ и эксперт нэхъыжьм Щадзащ. Анастасиэ. Абы и электроннэ поштыр - Morozkina@exportcenter.ru., телефонхэр +7 (495) 937-4747 (дэщIыгъуэныгъ. 6227), +7 (926) 302-6979.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Я къалэныр щагъэпсынщIэнущ

«Россети Северный Кавказ» Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм республикэм и жылэ-хэм щегъэув цIыхухэм къагъэсэбэпа электрокъарур зыхуэдизыр къызэрапщ Iэмэпсымэ «губзыгъэхэр».

ИЛЪЭСИТХУ ипэкIэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм щахъуэжауэ щытащ счётчикхэр. Абы лъандэрэ, мардэ пыухыкIам тету, зы мазэм къаГъэсэбэпа электрокъарум хуэза киловатт бжыгъэр къратхыкIри, унэр зи жьауэм щIэт ЖКХ-хэм, сервисхэм е «Электросеть» Iуэхущ1апIэм ирагъэхьу кьокIуэкI. Уасэр сыт хуэдэ махуэм хуэзэу ятми мэхъу, пIалъэм фIрамыгъэш къудеймэ, ауэ а бжыгъэхэр и чэзум иIэрыхьэн хуейщ, ику иту мазэ кьэс ягъэс токыр зыхуэдизыр ящIэн папщIэ. Ар пIалъэ къыхуагъэувам фIимышу къратхыкIыныр куэдым къатехьэлъэ щыхъум, счётчикхэр фэтэрым къыщIахыу бжащхьэхэм хуэзэу трагъэувэмэ нэхъыфIу къалъытащ икIи апхуэдэу куэдым ящIащ. Апхуэдэхэм деж, фэтэрыр зейхэр хэмытыххэу, еэы Iэщ1агъэлIхэр кIуэурэ счётчикхэм къагъэлъэгъуар къратхыкI. Ар тыншщ махуэ псом унэм щIэмысхэмкIэ, зи закъуэу псэу лIыжь-фызыжьхэмкIэ. Иджы нэхъыфIыжьыр къагупсысащ: фэтэр куэду зэтет унэхэм щыпсэухэу зи счётчикхэр жьы хуэахэмрэ сэкъат зыгъуэтахэмрэ папщIэ электроприбор минитIым щIигъу ягъэувынущ. Къищынэмыщ1ауэ, электрокъарур зэгъэзэхуа ухэм папщIэ республикэм щагъэззэщIэнущ къагъэсэбэпа токыр къызэрапщытэ Iэмэпсымэщ1эхэр гъэувыным теухуа программмэ щхьэхуэри.

Пэхуэщ1эм хиубыдэу «счётчик губзыгъэ» мин 37,3-рэ щагъэуващ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм хиубыдэ яэныкъуэ къуажэхэм. Налшык щагъэувынущ Iэмэпсымэ мини 4,5-рэ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, «счётчик губзыгъэхэр» гъэувыным зытращIыкIыр «Къэббалъкъэнерго» Iуэхущ1апIэм и Iуэхугъэ-обзор къэзыгъэсэбэпхэм я къалэныр ящыгъэпсынщIэнырщ. Iэмэпсымэщ1эхэм я фIыгъэкIэ счётчикхэм къагъэльагъэр зытхыкIыкI, ар иIэрыгъэхьэн, Iэмэпсымэхэм я щытыкIэм кIэлъыплъын хуэмейуэ, абы пыща псори дистанционнэу зэфIагъэхIынущ.

«Россети Северного Кавказа» Iуэхущ1апIэм и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и Iэщ1агъэлIхэм 2023 гъэм и щышыпхэм къыщыщIэдзауэ фокIадэм нэсыху цIыху мин 85,7-рэ электрокъарур пIалъэкIэ зыхуамыутIыпщынуэхэм хагъэхьат, щIыхэщхэхэр зэрателъым къыхэкIыу - сом меларди 2-м щIигъу яхуэзэтриХьащ. Абыхэм ящыщу мин 83-м щIигъум ятелъ щIыпIэхэр защIэу зытрагъэкIащ, щIэтхъэкъуу пIалъэм нэмыс щIыкIэ. Компанием и Iуэхугъуэ сом мелуан 20-м нэс зытезыгъэхуа цIыху мини 2-м я ток кIапсэхэр паупщIащ. Абыхэм электрокъарур щIэрыщIэу хуаутIыпщын папщIэ япшныжьын хуейр ятелъ щIыхэм и закъуэкъым, атIэ ток кIапсэхэр къыпхыкIыныжьмкIэ пыдзэжьынымрэ хуэзэ уасэри, хабзэм тету, щхьэхуэу ятын хуейщ. Физическэ лицэхэм я дежи абы щыIуэхэ сом мини 3, щIэуэ ятын хуейщ. Физическэ лицэхэм я деж абы щыIуэхэ сом мини 3, щIэуэ ятын хуейщ. Физическэ лицэхэм я деж абы щыIуэхэ сом мини 10. Ятхэм щIыхуэр зытрагъэкIын папщIэ махуэ 30, етIуанэхэм махуи 10 пIалъэ ират. Абы къриубыдэу зытрамыгъэкIмэ, абыхэм электрокъарур яхуэзэтIыпщынымрэ зэпагъэнущ. Мы Iуэхум теухуауэ иджыпсту лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкI ди республикэм и къалэхэмрэ жылэхэмрэ электрокъарумкIэ къызэзыгъэпэщ щIыналъэ компаниехэр.

Мыри дыщIыдгъунщ: «Къэббалъкъэнерго»-м и Iуэхущ1апIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи щIымахуэм хуагъэхьэзыращ. ЛъэкъакIуэхэм жащмахуэ ямыIэу я къалэныр кьрахьэлIэ унагъуэ кьэс зэпымыууэ электрокъарур яIэрыгъэхьэным теухуауэ. Псом хуэмыдэу мы гъэм лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкIуэкIащ республикэм и бгыпIэ щIыпIэхэм щыукъуэдия ток кIапсэхэр, электрокъарур щызэбгратыкI щIыпIэхэр къызыхуэтIыпщыну гъэ щIэкIын папщIэ. А щIыпIэхэм сэкъат зыгъэятэ кIапсэхэр щащхъужащ, уасымрэ Iумыльмрэ ахэр щызыхьэмыным ехьэлIа Iэмал псори къагъэсэбэп.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● КъБР-м и Парламентыр илъэс 30 ирокъу

КЪУМАЛ Заурбэч: Щыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэр уи нэкIэ плъэгъун хуейщ

Ди зэманым хабзэубзыку IуэхущIапIэхэм я мыхьэнэр зэрыиныр хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ, абы кIищтэ законхэмрэ и пщэрыльхэр зэригъэзащIэмрэ щыналъэм и псэукIэр ефIэкIуа зэрыхъунур зыкъомкIэ елъытащи. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым гъэгуанэфI зэпичащ икIи илъэс 30-м хэлажьауэ зыужьныныгъэ игъэтащ.

Нобэ абы и Iуэхущафэхэмрэ зыхуигъэувыж къалэнхэмрэ тыдогъэсащ Щэнхабзэмкlэ, жылагъэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч.

- Заурбэч, уэ КъБР-м и Парламентым и епIланэ, етхуанэ, еханэ зэхьыхьэгъэзэхэм урадепутатщ. Ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ гъунэгъуу укъедгъэщIыну дыкуейт. Депутат ухъун и пэ, сыт хуэдэ гъэгуанэ къэпкIуа? Сыт хуэдэ щIыногъэ зэбгъэгъэуэта?

- Сыкъущыхъуар Аруан районым хыхьэ Урыху кIуажэрщ. IэщIагъэкIэ сыхимикщ, ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетращ къэзухар. Сыкъущыхьуа кIуажэм и консерв заводым лэжьакIуэ къызэрыгуэкIыну кIыщыщIэздзауэ щытащ, абы и ужь къэрычэт Iуэхуми сыхэпщIэри, IэнатIэ зэмылIэужьныгъуэ куэд зэхъуэкIащ. Къапщтэмэ, си IэщIагъэр депутат лэжьыгъэм пэжыжьэу щытми, псом япэу сызэгупсысар сэбэп сызэрыхъун, республикэм и экономикэм зыхуэзэфIэкIхэм мылъку кIыхьчэтэхэм Iуэхуэ зэрыфIэкIуну Iэмал гуэрхэрат. А зэманым ирихьэлIэу, сэ езыми проект згъэхьэзырауэ сиIэт, пхъэщхьэмыщхьэхэм сызыхащIыкI сабий шхыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кIыщыщIэгъэкIынымрэ зэтеублэным теухуауэ. Абы щхьэкIэ къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIри, щIы гектар 60-м пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэхэр щыхэссат, жьэумыр - щIы гектар 50-м щIигъуи. Iуэхум къыхэсытат IэщIагъэлIэкр Италием щIыгъэджэн, хамэ къэрал Iэмэпсымэхэр къэшэн зэрыхэкIр, нэгъуэщI куэди. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, проектым делэжьныгъ, долларым зэуэ хуэдитIкIэ хэзыхуэри (зы долларым сом 31 - 32-рэ пэкIуэу щытамэ, сом 62 - 64-м нэсат), къэдгъэнэжьын хуей хъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, абы елэжьын щыщIэздзам щыгъуэ, ар гъэзэщIа хъуным сом мелуан 550-рэ текIуэдэ ну арат, иджыпсту Iуэхум и ужь ихьэмэ, сом меларди 2-м нэс хууеинущ.

Депутат лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, щэч хэмылъу, абы зэращIэу сыкъэпщIащ. Хабзэубзыку Iуэхущ Iапl эм мылъку бгъэдэмыльми, мыбдеж Iэмал щыдиIэщ щыналъэм, цIыхухэм я гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэр къэдгъэуту щIэгъэкъуэн дазэрыхуэхъунум ди гуащIэ хэтлъхьэну. Республикэм сыт хуэдэ Iуэху къыщызэрагъэпэщащ, дыздрагъэблагъэ псоми зэрыхуэкIэ сокIуэ, щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэр уи нэкIэ зэбгъэльэгъун зэрыхуейм тызощIыхьри.

- УзиунафэщI комитетым и лэжьыгъэм лъэныкъуэ къыззэщIеубыдэ. Абыхэм ехьэлIауэ фызэлэжьа сыт хуэдэ хабзэхэр къыхэбгъэщынт?

- Ди комитетым и пэм щIэту республикэм къыщащта хабзэ зыбжанэ къыхэзгъэщынщ. Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ республикэм иIэщ «Щэнхабзэм теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэнихэм (тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэм) я Iэхуэкlэ» законхэр. Жылагъуэм дэлажьэным хуэгъэзащ «КъБР-м щыIэ зэрыгъэлъагъуэ Iэмал гуэрхэрат. А зэманым ирихьэлIэу, сэ езыми проект згъэхьэзырауэ сиIэт, пхъэщхьэмыщхьэхэм къыхащIыкI сабий шхыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIэгъэкIынымрэ къэзыщIэгъэкIынымрэ зэтеублэным теухуауэ. Абы щхьэкIэ къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIри, щIы гектар 60-м пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъэхэр щыхэссат, жьэумыр - щIы гектар 50-м щIигъуи. Iуэхум къыхэсытат IэщIагъэлIэкр Италием щIигъэджэн, хамэ къэрал Iэмэпсымэхэр къэшэн зэрыхэкIр, нэгъуэщI куэди. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, проектым делэжьныгъ, долларым зэуэ хуэдитIкIэ хэзыхуэри (зы долларым сом 31 - 32-рэ пэкIуэу щытамэ, сом 62 - 64-м нэсат), къэдгъэнэжьын хуей хъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, абы елэжьын щыщIэздзам щыгъуэ, ар гъэзэщIа хъуным сом мелуан 550-рэ текIуэдэ ну арат, иджыпсту Iуэхум и ужь ихьэмэ, сом меларди 2-м нэс хууеинущ.

Депутат лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, щэч хэмылъу, абы зэращIэу сыкъэпщIащ. Хабзэубзыку Iуэхущ Iапl эм мылъку бгъэдэмыльми, мыбдеж Iэмал щыдиIэщ щыналъэм, цIыхухэм я гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэр къэдгъэуту щIэгъэкъуэн дазэрыхуэхъунум ди гуащIэ хэтлъхьэну. Республикэм сыт хуэдэ Iуэху къыщызэрагъэпэщащ, дыздрагъэблагъэ псоми зэрыхуэкIэ сокIуэ, щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэр уи нэкIэ зэбгъэльэгъун зэрыхуейм тызощIыхьри.

- УзиунафэщI комитетым и лэжьыгъэм лъэныкъуэ къыззэщIеубыдэ. Абыхэм ехьэлIауэ фызэлэжьа сыт хуэдэ хабзэхэр къыхэбгъэщынт?

- Ди комитетым и пэм щIэту республикэм къыщащта хабзэ зыбжанэ къыхэзгъэщынщ. Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ республикэм иIэщ «Щэнхабзэм теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэнихэм (тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэм) я Iэхуэкlэ» законхэр. Жылагъуэм дэлажьэным хуэгъэзащ «КъБР-м щыIэ зэрыгъэлъагъуэ Iэмал гуэрхэрат. А зэманым ирихьэлIэу, сэ езыми проект згъэхьэзырауэ сиIэт, пхъэщхьэмыщхьэхэм къыхащIыкI сабий шхыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIэгъэкIынымрэ къэзыщIэгъэкIынымрэ зэтеублэным теухуауэ. «КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр и гъусэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэкIуэкIынущ «Парламентаризмэ зэрыщIэфIэувамрэ абы и нобэрей лэжьыгъэмрэ» щIыналъэ щIэныгъэ конференцыр.

Гугъуехьхэм я гугъу пщIымэ... Сыт хуэдэ лэжьыгъи къащти, лъэпощхьэпо зыхэмылъ щыIэкъым. Нэхъыщхьэр абыхэм я хэкIыпIэр къэбгъэтыфу, гугъуехьэр къызбгэкIынырщ.

- Щэнхабзэм лъэпкъыр ехьумэ, нэгъуэщIхэм къахэзыгъэщри аращ. Сыт нобэ тхуэщIэнур абы зедгъэужьыным теухуауэ?

- Пэжыр жьIэнщи, къэрал бюджетым и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм къадэхуэр зыльыс хэм щэнхабзэр зэращыщым гугъуехь къимыгъэщу къанэркъым. Абы щыгъэми, щэнхабзэмкIэ къэралым зыхуигъэувыж къалэнхэр, УФ-м и Президент Путин В. В. и Унафэкlэ щIигъэбыдахэр, щыIэщ. Аращ лэжьыгъэр зытещIыхьауэ щытпхъэри.

НэгъуэщI лъэныкъуэкIи дыкъеевгъэплъат мы Iуэхум. Сыт дэтхэнэ зыми тхуэщIэнур щэнхабзэм пащIэ?! Дауэ езы щыIэр зэрыхущытыр щэнхабзэмрэ абы епха гугъуехьхэмрэ?! Арэзы фыкъыздэхъуну къыщIэкIынщ мы Iуэхумкlэ цIыхухэм зыджэрагъ зэрадомылъагъур жысIэмэ. Ди театрхэм я пэшхэм цIыхур щIэз хъурэ? Музейхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм, нэгъуэщI щэнхабзэ Iуэхухэм сыт хуэдиз екIуэлIэр?

Атlэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт иужьрей зэманым ди республикэм и щэнхабзэ Iуэхухэр куэдкIэ зэрыкIуэтар. Дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэ маазэм и закъуэ къэсщIэжащ. Псалъэм папщIэ, Художественэмкlэ Урысей академиемрэ Налшык къыщыззэригъэпэща щIэныгъэ, егъэджэныгъэ зэхьыхьэшхуэр (Кавказ Iэмэпсымэ и щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэр къеежьэлIауэ) сыт и уасэт?!

КсилографиемкIэ Красноярск ефIанlэ къыщыззэзыгъэпща Пащты Герман и Iуэвэгъэхэм дыхэплъэну Iэмал зэрыщыIэри фIыгъэшхуэщ. Ар щыжысIэращи, щэнхабзэ Iуэхухэм зэман къахуэбгъуэ-тыфын хуейщ Iэмал зэриIэкIэ. Псом хуэмыдэу щIалэ-гъуалэр къызэщIеубыдапхъэщ а лъэныкъэм. Хэт ищIэрэ, езыри зыгъэрым дихьэхыныр хэлъщ. ЩIэныгъэр куэд щIауэ щыхьэт зытехьэрацри, IэпщlагъэпащIагъэм зрегъэужьэ сабийм и акъылым, Iущагъэм хегъахьэу, цIыхухэм яхэтыфу, утыку ихьэфу егъасэ. Къэкуугэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэм есэпымкIэ и къуэхьми зеужь. Апхуэдэ щIэныгъэ гуэр зэзыгъэуэта сабийр сыт щыIэуэ ехьэкъуэфынущ и хьэрхуэрэгъэхуэм.

- ХэхакIуэхэм фаIущIэрэ? Сыт хуэдэ Iуэхухэмкlэ цIыхухэм зыкъыфхуагъаазэрэ?

- Депутатым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ хэжаIуэхэм яхуэзэнырщ, абы щыгъуэ зэрыльагъуэм, щIалэ-гъуэтыфу, гугъуехьэр къызбгэкIынырщ.

- Щэнхабзэм лъэпкъыр ехьумэ, нэгъуэщIхэм къахэзыгъэщри аращ. Сыт нобэ тхуэщIэнур абы зедгъэужьным теухуауэ?

- Пэжыр жьIэнщи, къэрал бюджетым и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм къадэхуэр зыльыс хэм щэнхабзэр зэращыщым гугъуехь къимыгъэщу къанэркъым. Абы щыгъэми, щэнхабзэмкlэ къэралым зыхуигъэувыж къалэнхэр, УФ-м и Президент Путин В. В. и Унафэкlэ щIигъэбыдахэр, щыIэщ. Аращ лэжьыгъэр зытещIыхьауэ щытпхъэри.

НэгъуэщI лъэныкъуэкIи дыкъеевгъэплъат мы Iуэхум. Сыт дэтхэнэ зыми тхуэщIэнур щэнхабзэм пащIэ?! Дауэ езы щыIэр зэрыхущытыр щэнхабзэмрэ абы епха гугъуехьхэмрэ?! Арэзы фыкъыздэхъуну къыщIэкIынщ мы Iуэхумкlэ цIыхухэм зыджэрагъ зэрадомылъагъур жысIэмэ. Ди театрхэм я пэшхэм цIыхур щIэз хъурэ? Музейхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм, нэгъуэщI щэнхабзэ Iуэхухэм сыт хуэдиз екIуэлIэр?

Атlэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт иужьрей зэманым ди республикэм и щэнхабзэ Iуэхухэр куэдкIэ зэрыкIуэтар. Дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэ маазэм и закъуэ къэсщIэжащ. Псалъэм папщIэ, Художественэмкlэ Урысей академиемрэ Налшык къыщыззэригъэпэща щIэныгъэ, егъэджэныгъэ зэхьыхьэшхуэр (Кавказ Iэмэпсымэ и щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэр къеежьэлIауэ) сыт и уасэт?!

КсилографиемкIэ Красноярск ефIанlэ къыщыззэригъэпща Пащты Герман и Iуэвэгъэхэм дыхэплъэну Iэмал зэриIэкIэ. Псом хуэмыдэу щIалэ-гъуалэр къызэщIеубыдапхъэщ а лъэныкъэм. Хэт ищIэрэ, езыри зыгъэрым дихьэхыныр хэлъщ. ЩIэныгъэр куэд щIауэ щыхьэт зытехьэрацри, Iэпщlагъэпащ Iагъэм зрегъэужьэ сабийм и акъылым, Iущагъэм хегъахьэу, цIыхухэм яхэтыфу, утыку ихьэфу егъасэ. Къэкуугэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэм есэпымкIэ и къуэхьми зеужь. Апхуэдэ щIэныгъэ гуэр зэзыгъэуэта сабийр сыт щыIэуэ ехьэкъуэфынущ и хьэрхуэрэгъэхуэм.

- ХэхакIуэхэм фаIущIэрэ? Сыт хуэдэ Iуэхухэмкlэ цIыхухэм зыкъыфхуагъаазэрэ?

- Депутатым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ хэжаIуэхэм яхуэзэнырщ, абы щыгъуэ зэрыльагъуэм хегъахьэу, цIыхухэм яхэтыфу, утыку ихьэфу егъасэ. Къэкуугэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэм есэпымкIэ и къуэхьми зеужь. Апхуэдэ щIэныгъэ гуэр зэзыгъэуэта сабийр сыт щыIэуэ ехьэкъуэфынущ и хьэрхуэрэгъэхуэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Бэрзэджэ Рэмзан зыхуэдгъэзащ я Iуэхуэр зыхуэздэм тедгъэлсэлъхьыну.

- Рэмзан, мыгъэрей губгъуэ лэжьыгъэр къызэрыкъуэлIам дыщыбгъэгъэзэну сыхуейт.

- Пэжыр жьIэнумэ, мэкъумэшыщIэхэм я дежкIэ гугъусыгъуу щытащ мы гъэр. Абы щыхьэусыгъуэ хуэхъуащ гъатхэр уэлбанэ-рилэу, гъэмахуэм и кIэм маазэм щIигъкIэ уэгъуэу зэрыщытар.

Ауэ гъавэ хъарзыни къыдзэхуэлIащ. Апхуэдэу бэв хъуати, ику иту центнер 50 - 60 бжьыхьэсэ гуэдзу, хьэуэ къытекIащ. Мыдрей хьэцэпэцэхэри дагъуэншэу Iутхыжащ. Ахэр хъарзынэу щIэдгъэзэгъащ хъуманIэм. Дэ ди щIыпIэм Iощыщхэу щыззэрахуэ. Абыхэм хуагъэтIылъащ хьэуазэу зыхурикъун. НэщI къэхуа щIым долажь. Гектар щиц дызыхуэкIуэ вэнсэным хуэдгъэзэзыращ. Псынэдзэ дзт заводым, сыт и лъэныкъуэкIи дэбгъуэн къыхэуумыгъэтыфыну, ерэлеIуэ жьлэфI тхуэгъэхьэзыр. Дзэлъыкъуэ куейм щыхасэ жылэм и Iыхьэ щанэр а IуэхущIапlэрщ зейр. Я флагкIэ цIэрыIуэ хъуа, ди гъунэгъуэхэми ящэху, щIэупщIэшхуэ зиIэ жылэхэщ. Нартыхур, хъэцэпэцэр, сэхураныр здыIуахыжар бжьыхьэсэм хуэхтхащ.

- Рэмзан, щIым елэжьхэм къэралым зыгуэркIэ закъыщIигъакъуэрэ?

- Илъэзманхэм колхозхэм, совхозхэм иджыпсту дэ дгъуэт дэIэпыкъуныгъэм хуэдэ яIамэ, я екъуIэныгъэхэр нэхъыбэнут, шэч хэмылъу. Ялэрауэ, уэзлъэкъ щIым и инагъыми, уэзрелэжь щIыкIэм, уи екъуIэныгъэхэм елъытауэ, и чэзум дэфтэрхэр бгъэхьэзырмэ, ахъшэ къуетыж къэралым. Гъавэм и бэвагъэм елъытауэ сомкIэ зыкъыпщIегъакъуэ. Жылэ хэпсам теухуауи гулъытэ къыпхуещI. Зы псалъэкIэ жылIэмэ, уи гугъуехьыр зэкIуадэркъым. ТебгъэкIуэда мылъкум нэхърэ нэхъыбэ къыпхуищIыжауэ къыщIокI.

- Iэщ гъэхъуным пылъхэми апхуэдэ гулъытэ хуащIрэ?

- Дэ диIэщ шы, Iэщ лъэпкъыфIхэм елэжьхэр. ПэжыгъэфкIэ зи цIэ Iуэхум къэралым зыкъыщIегъакъуэ. Iэщхэкlэ нэхъ къабзэлъабзэу къалъытэу, ар лыуи, гъэшуи, кхъуейуи щырыети, ми ди гъунэгъуэм я гуапэу ящхьу. А псом щелэжь зыдзэ Светловодскэ жылагъуэми дэтщ, унагъуэ щхьэхуэхэри диIэщ апхуэдэ Iуэхум пэрыту, Iыми нобэкIэ я Iуэху Iейкъым, хэхъуэ я1эн хуэдэу лэжьыгъэм йогугъури.

- Ипэ зэманхэм Аурсэнтх хуэпIэм Iэщ куэд дагъэкIыну щытащ, ауэ колхоз, совхозхэр зэрыщыщмыIэжрэ икъукIэ мащIэ хъуа си гугъэщ.

- А си гугъу пщIы лъэхъэнэм щыгъуэ Къущхьэхъу щIыпIэм фермэхэр тету, я пщIыпхэр сыт и щIыпIэ къызэрыгъэпэщауэ, токыр яльэIэсу, щэнхабзэмкIэ унэяIэу, артистхэр дэкIрэ концертхэр зэгъэльагъуэу щытащ. Iуэхур къыбдэзыгъэпсынщIэн защIэт. Абы и фIыгъкIэ лэжьыгъэфI зэфIагъэкIыпт. ЗэхъуэкIыныгъэ къэхъуагъэм, зи гугъу тщIа уухуэнгъэ псори щыхагъэкIуадэзыжьам, Iащи зехьэгъуэй, фейдэ къыпымыкI хъуащ. Иужь зэманэм цIыхум нэхъ яфIэтэмэму я гупэр ягъэзэжащ абыкIэ. Илъэм хуэдэу, Къущхьэхъу Iэщыр куэд мыхъужми, я бжьгъэм хохъуэж. Нобэкlэ былымхэм кIэлIыплъ дохутырэмкIи нэгъуэщI зыхуейзыхуэфIхэмкIи дагъуэншэу зыкъызэгъэпэщауэ иокIуэкI. Iэщ ягъэхуну бдзжэнду къэзыщтэм я бжьгъэм кIыр пэтми хохъуэ, я фейдэр къагурыIуэу.

- Къущхьэхъу кIыр гъэгухэр сыт хуэдэ?

- Нэхъыщыщэу хъуПIэм екIуалэ гъэгур тэмэм ящIащ. Мыдрейхэми я щытыкIэр Iейуэ пхужьIэнукъым, дэтхэнэ щIыпIэми уекIуэлIэфынущ.

- Рэмзэан, мэкъумэш лэжьыгъэр икъукIэ зэрыхьэлъэр, гъавэ къэбгъэкIыным, Iэщ бгъэхъуным жэуаплIныгъэ зэрыпылъыр гурыIуэгъэщ. Нобэкlэ сыт фызыщыщIэу къэплъытэр?

- Илъэзм елъытауэ, иужь ильэситIым, пэжыр жьIэнэмэ, мэкъумэш лэжьыгъэм халъхьэ уасэмрэ къыщIалъхьжмрэ зыкIэрыхуащ. Мы Iуэхухэмкlэ уэзыхуенкIэ хъуну псом я уасэр и пIэм иткъым. Абы теухуауэ щыхуэхэр тIэкIу егъэгуэавэ. Псом хуэмыдэу кредит е нэгъуэщI щIыхуэ гуэр къэзыщтахэр егъэпIейтей. Дагъэзэсынпхъэми фэтыджэнми я уасэм гъавэ Iухьжьигъуэм хэхъуащи, мэкъумэш лэжьыгъэм Iуигъэщтыкlэхэри щыIэщ. Процент 30-м нэскlэ нэхъ лъапIэ зэрыхъуам зыми игу хигъахъуэркъым. Абы теухуауэ видеоконференц ирагъэкIуэкIащи, унафэ тэмэм къащтэну дыщогугъ. Нобэкlэ аращ нэхъ лъэпощхьэпо хъууэ къэслъытэр. Ар ягъэтэмэмэну, кIыхьэри нэхъ гуущхуэ, псоемыблэжу лэжьэнущ. Псом къыгурыоIуэ щIым хэпльхьэр, Iэщ гъэхъуным бгъэдэплъхьэр къуэзэритыжьыр. Ауэ илъэс къэс щIыпхэу птелъым хэбгъэхъуэн хуей хъуэм, фIым хууигъэпIыжрэ зэхуэдэ.

- Улэсу, Рэмзэан. ЕхъулIэныгъэ фиIэу фыльэжьэну ди гуапэщ.

ШАФИЙ Аслъэн.

● Ди псэлъэгъуэр

Гъэр къазэрехъулIар

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм мэкъумэш лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бэрзэджэ Рэмзан зыхуэдгъэзащ я Iуэхуэр зыхуэздэм тедгъэлсэлъхьыну.

- Рэмзан, мыгъэрей губгъуэ лэжьыгъэр къызэрыкъуэлIам дыщыбгъэгъэзэну сыхуейт.

- Пэжыр жьIэнумэ, мэкъумэшыщIэхэм я дежкIэ гугъусыгъуу щытащ мы гъэр. Абы щыхьэусыгъуэ хуэхъуащ гъатхэр уэлбанэ-рилэу, гъэмахуэм и кIэм маазэм щIигъкIэ уэгъуэу зэрыщытар.

Ауэ гъавэ хъарзыни къыдзэхуэлIащ. Апхуэдэу бэв хъуати, ику иту центнер 50 - 60 бжьыхьэсэ гуэдзу, хьэуэ къытекIащ. Мыдрей хьэцэпэцэхэри дагъуэншэу Iутхыжащ. Ахэр хъарзынэу щIэдгъэзэгъащ хъуманIэм. Дэ ди щIыпIэм Iощыщхэу щыззэрахуэ. Абыхэм хуагъэтIылъащ хьэуазэу зыхурикъун. НэщI къэхуа щIым долажь. Гектар щиц дызыхуэкIуэ вэнсэным хуэдгъэзэзыращ. Псынэдзэ дзт заводым, сыт и лъэныкъуэкIи дэбгъуэн къыхэуумыгъэтыфыну, ерэлеIуэ жьлэфI тхуэгъэхьэзыр. Дзэлъыкъуэ куейм щыхасэ жылэм и Iыхьэ щанэр а Iуэхущ-IапIэрщ зейр. Я флагкIэ цIэрыIуэ хъуа, ди гъунэгъуэхэми ящэху, щIэупщIэшхуэ зиIэ жылэхэщ. Нартыхур, хъэцэпэцэр, сэхураныр здыIуахыжар бжьыхьэсэм хуэхтхащ.

- Рэмзэан, щIым елэжьхэм къэралым зыгуэркIэ закъыщIигъакъуэрэ?

- Илъэзманхэм колхозхэм, совхозхэм иджыпсту дэ дгъуэт дэIэпыкъуныгъэм хуэдэ яIамэ, я екъуIэныгъэхэр нэхъыбэнут, шэч хэмылъу. Ялэрауэ, уэзлъэкъ щIым и инагъыми, уэзрелэжь щIыкIэм, уи екъуIэныгъэхэм елъытауэ, и чэзум дэфтэрхэр бгъэхьэзырмэ, ахъшэ къуетыж къэралым. Гъавэм и бэвагъэм елъытауэ сомкIэ зыкъыпщIегъакъуэ. Жылэ хэпсам теухуауи гулъытэ къыпхуещI. Зы псалъэкIэ жылIэмэ, уи гугъуехьыр зэкIуадэркъым. ТебгъэкIуэда мылъкум нэхърэ нэхъыбэ къыпхуищIыжауэ къыщIокI.

- Iэщ гъэхъуным пылъхэми апхуэдэ гулъытэ хуащIрэ?

- Дэ диIэщ шы, Iэщ лъэпкъыфIхэм елэжьхэр. Пэжыгъэфкlэ зи цIэ Iуэхум къэралым зыкъыщIегъакъуэ. Iэщхэкlэ нэхъ къабзэлъабзэу къалъытэу, ар лыуи, гъэшуи, кхъуейуи щырыети, ми ди гъунэгъуэм я гуапэу ящхьу. А псом щелэжь зыдзэ Светловодскэ жылагъуэми дэтщ, унагъуэ щхьэхуэхэри диIэщ апхуэдэ Iуэхум пэрыту, Iыми нобэкlэ я Iуэху Iейкъым, хэхъуэ я1эн хуэдэу лэжьыгъэм йогугъури.

ЗАУЭ нэужь лъэхъэнэм хиубдакэм сащIащ. А зэман гущIэгъунщэм хэпсэуэгъахэм ди нэгу щIэкIам хуэдэ Алыхьым зыми иримыгъэгъукIэ. А гуэзвэгъуэм къыкIэлъыкIуащ зеинщагъэр, гъаблэр, щыгъынщхьэныр. Си анэр лIы иратыжри, си анэшхуэм и куэщIым сыкъыхуукIащ. Ауэ хьэлэмэтращи, апхуэдизу гугъуехьым къыхэхукI дэ гъащIэр тфIэкIыфIыпст, гугъэ инхэр худи1эт. ЩIалэгъуэм и зэранкIэ е и фIыгъэкIэ нэхъ тыншу дгъэващ гугъуехьэр.

Мамыр гъащIэм апхуэдизкIэ ди гур хуитхьэщIыкIати, бийшэр ди щхьэщIыгум щхьэщIымытхьжмэ, сытми дыпэпэщIын тфIэщIырт. А лъэхъэнэмрэ иджыреймрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуэ, уеблэмэ ахэр зэбгъэпщынкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ щхьэкуэкIи, блэкIам щыхуэхъуащIэкIэ, Iупщlэ щыхуащIкlэ сфIэфIкъым. Гугъуехьыншэу ешIуэкI гъащIэ щыIэ? Иджы къэунэхуэ дунейр тыншыгъуэ и лъэныкъуэкIэ къалъытэуэхэм хуэдэщ. Ди щIыпхьым къыхэхуэкъыкIи иджы диIэм хуэдэ псэукIэ. Ауэ Iуэхуракъэ, цIыхугъэ, гуапагъэ, псэ Iэфlагъэ, зэхущытыкlэ дахэ и лъэныкъуэкIэ щхьэкIэ зэрыгъэужьыгъуэ. Ар сэ жысIэну хуитныгъэ къызат къэсIуа гъуэгуанэмрэ къызззэнэкIа гугъуехьэмрэ. Абы къыхэкIыкIа си гукъэкIыжжэмкIэ сывдзэгушэнут.

ЗэрыжысIащи, си сабиигъуэр зыхибуда зэманыр фэдизыджэт, хуэдэт зэи дыгъэ къемыпсыжыным, цIыхухэм я нэгум зэи гуфIэгъуэ кIымыхьажыну къыщыпщIыхъу лъэхъэнэт ар. Ауэ фIым ухуигъапIъэрэ уимыгъэпабгъэмэ - ар гъащIэ хъужрэт. ЩIэблэр хэкупсу къэгъэхъунымкIэ, щхьэж и гъэзу гъжишжьмкIэ а лъэхъэнэм зэрыралым лэжьыгъэшхуэ игъэзащIэрт. ЩIалэгъуалэр губгъуэм дыщагъэлажьэрт, нэхъыжь и жьIэ дыщIэтт. ФокIадэ мазэр къызэрихьэу нартыхур Iутхыжыртри, къыдат ахъшэ мащIэр дызыхуей-дызыхуэныкъуэхэм иридгъэкъурт, иджырейхэм хуэдэу адэ-анэм я пщэм дыдэсу щытаткъым. Едэжныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зэгъуэсу щIэблэм хэлъхьэнр икъукIэ сфIэпэжт, сыт щхьэжьи жьIэмэз, гуащIэдэкIым хуэдэу щIэблэр зыгъасэ щIэжькъым, къищынэмыщIауэ, ар балигъ гъащIэм къызэрымыкIуэу къыщIыпхуосэбэпыж. Апхуэдэу, гуп хэтыкIэ, щIыху дэгъуэгурыкIуэкIэм хууагъасэрт, пщIэрэ лъытэныгъэрэ зэхуэпщIу узэбгъэдэтыныр зэрыдахэр дагъэльагъурт. Абы дызыщирихьэлIэ нэхъыжьыфIхэм даущийрт, абыхэм я чэнджэщ щхьэпэхэр, хъыбар кIыхьхэр сыт и уасэт?! А лъэхъэнэм ныбжьэгъу зэхуэхьуахэр нобэми дыззэрыIыгъщ. Ар я фIыгъэщ дэ зэгъуэгу къыздэнэкIа гугъуехьэхэмрэ хъэзабэхэмрэ. Итlанэ, сэ сыкъыщыхуа лъэхъэнэм зэбгъэгъ-Iыхьлыхэр быдэу зэрыщIгъырт, фIыуэ зэрыльагъурт, яIэ мыльку-былым емыльтатуэ зэхуэдэ ямыщIу. ЗэанэкIыльхуэм яку лъагъуныгъэ, лъытэныгъэ ин дэлът, зыдэIэпыкъуэрэ быдэу зэрыIыгъыкIыгурыкIуэрт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ я зэхущытыкIэ дахэр дяку докIуэдыжьыкIы. ПхузэфIэмыкIмэ, благъэри нэбгъущ.

Си сабиигъуэр щыкIуар Тэрч щIыналъэм хыхьэ Исльэмей къуажэ жьжьэращ. Балигъ сыхъуэу си анэшхуэм сыбгъэдэсащ, ар дунейм ехьжьа иужь, си анэр щыпсэу Мэртэкей вокзалым сыкъэкIуащ.

Апхуэдэуэрэ гъащIэр кIуащ, къэгъаз имыльэу. Дауи, блэкIам укIэльыIэбэкIэ мыхьэнэ иIэкъым, ауэ абы хэта фIыр гум Iэфlу ильщ. ЗэрыжысIащи, иджырей гъащIэр тыншу ублащи, ухэпсэукIыну къэдкIэ нэхъ тыншщ. Ауэ, абы къомэщIкI нэхъыбэм цIыхур зэхуэзышэу щыта цIыхугъэр, псэ Iэфlагъэр, гуапагъэр, гущIэгъур. Хьунымэ, дывмыгъэгъэкIуэд гъащIэм къыдита мы фIыгъуэ мыльытэкъэ. Абыхэм насып къаззэрыдэкIуэнym сэ шэч къыстыжьэркъым. Абы фи щIэблэр щIэфпIыкI, нэхфIэхъэ, ягурыбгъаIуэ.

АХЪСОР Анибал,
лэжьыгъэм и ветеран.
Тэрч къалэ.

Махуэшхуэ зэхыхьэ

КъБР-м и ОВД-м и ветеранхэм я советым щекIуэкIащ УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэм теухуа зэIущIэ гуапэ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру щIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн, республикэм щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Русланрэ щIыналъэ ОВД-м и ветеранхэм я жылагъуэ Iуэхущ Iапl эм и унафэщI, милицэм и полковник Пыхъ Муlэедрэ, ветеранхэм.

- Ведомствэм и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэшхуэ фхузощI псоми ди зэхуэдэ Iуэхум гудзакъэ фхэлъу фызэрыбгъэдыхьэм, фи къалэнхэр тэмэму зэрыбгъэзащIэм папщIэ, - жиIащ Бахъуэ Аслъэн.

Ар ветеранхэм ехъуэхъуащ хабзэхъумэхэм я махуэмкlэ, узынщIу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну, унагъуэ зэIузэпэщыгъэ яIэну.

Пыхъ Муlэед къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий ОВД-м и ветеранхэм куэдкIэ зэрызащIигъакъуэр.

Хъуэхъу псалъэхэм къыпищащ Мэкъушэ Руслан.

Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру щIыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий и унафэкlэ лэжьакIуэ гупыр хэкупсу гъэсэным хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ, УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и органхэм я ветеранхэм щIыхьэ ратащ.

МВД-м илъэс куэд хъуауэ тэмэму къалэныр щезыхьэкI, ветеранхэм я социальнэ хуитныгъэр хъумэжьу къызэрыгъэпщынкIыну жыджэру хэт, лэжьакIуэщIэхэр я Iэщlагъэм хуегъэджэным, хэкур фIыуэ лъагъунным, хуэущиныр хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ республикэ ОВД-м и ветеран, лэжьакIуэ зыбжанэм ираташ орденрэ медалрэ, апхуэдэуи Къэрал кIуэцI I

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

Андемыркъан фыз къызэриша щIыкIэр

(Хъыбарыжь)

АРЩЫДАНЫЖЬЫР пщыжь тIысыпIэжьщ, жаIэ. Къуажэ зыбжанэу зэхэст, щхьэж и пщыщхьэ иIэжу. Апхуэдэт Хьэмырзэхи. Пщы Хьэмырзэхэ Жан и цIэу зыпхъу цIыкIу иIэт. Андемыркъанри IIы хахуэу хэкум исхэм языхэт - теплъафIэт, бжьыфIэт, къекIут. Тумэми, и адэм и фIэлыкIыр иIэт. А хъыджбзыр, еуэри, Андемыркъаным егузкIуат, езы Андемыркъани Жан фIыуэ илъэгъуат. Арщхьэкlэ Хьэмырзэхэ езыхэм яхуэдэ зы пщы унагъуэ гъэрым иратыжмэ нэхъ къащтэри, Андемыркъан хъыджбзбым пагъэкIыу, пщы щIалэ гъэрым Жан дахэр иратыну унафэ ящIащ. Ар Андемыркъан зэхимыхыу къэнэнт - зэхихыжащ.

Иджы, нобэ хуэдэм и пщыхьэщхьэм, Хьэмырзэхэ я деж Жан и нысашэр дыхьэну, Андемыркъан зигъэхьэзыри кьежьащ. Ар гъэгъэм зы лIыжь гъэрым щыIущIащ. ЛIыжь цIыкIри Андемыркъан здэкIуэ лIэныкъэмкIэ кIуэрт. Андемыркъан лIыжь цIыкIым кхьбГъурыхьэри:

- Гъэгъуфlыжь апщий, тхьэмадэ, дэнэкIэ укIуэрэ? - ирихащ фIэхъуэ.

- Уэ упсэу апщий, щауэм я лей. Уэ уздэкIуэм сокIуэ, - жуаоп къритыжащ лIыжь цIыкIум.

- Iэгъу, сэ сыздэкIуэр уэ сыткIэ пщIэрэ? - цIэупщIащ аргуэру Андемыркъан, кхьжрапIар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ.

- Уздэкlуэм и закъуэкъым, уущIэкIуэри сощIэ, Андемыркъан щауэ! - кхьущIегъу лIыжьым.

Андемыркъан лIыжьым жиIэр зэригъэщIэгъуэнкр имыщIэу Iэнкун мэхъу. TIэкIуи зэгуоп, ауэ, зэрызэгуэпыр кIримыгъащIэу, ауан хуэдэурэ:

- НтIэ, тхьэмадэ, сыщIэкIуэр, дауэ уеплъэрэ, кхьэзхьуIэну къэплъытэрэ? - жеIэ Андемыркъан.

- Андемыркъан мурад ищIа кIьемыхьуIауэ жаIэжкъым, ауэ, хэт ищIэрэ, сэри сыныбдэIэпыкIыну аращ сыкъыщIежьар.

- Нэхъ гъэщIэгъуэныжьыр кхьызжепIан. Сыткlэ укъыздэIэпыкъуфын, тхьэмадэ?

- Уэ Iэщэкlэ пхуэзфIэмыкIам сэ сыти хэсщIыхьыжьын, ауэ Iэщэм и гуащIэр базджагъэм Iуегъащхъуэ жыхуаIэраци, мыпхуэдэ Iэмал ухуеэгъэкIуэну аращ: Жан и нысашэр ныщхьэбэ кхьдыхьэу щыщыткlэ, абыр уэрэ фызэхуэззэнри псом нэхърэ нэхъ гугъу хъун Iэхъущ. Ар зыщIынти ямыгъакIуэу хъыджбзэ гъуэз иIэу унэм щIагъэсынущ. Ауэ сэ зы кьафа си пшынэ зэщIыхъуэм кхьзогъэкIри, абы кхьдэфэфу зы цIыху мы хэкум искъым, Жан къищынэмыщIа. Дыдыхьа иужь, сэ а кьафэм сеуэу кьезгъэжьынщ. Абы щыгъуэ хьэзыру щыт. Кхдэрэ лъыхъуэнущ ахэр а кьафэм кхьдэфэфын хъыджбз, ауэ зы ри щамыгъуэтыхэкIэ: «Ягъэ кIынкъым, кхьзыщыфэжьыр езым и нысашэ джэгущ, кхъефэ», - жаIэнщи, Жан кхьщIашынщ щIыбми, къагъэфэну кхьтрагъэхьэнщ. Ар утыкум кхихутэмэ, уэ пщIэнури пщIэжьинщ:

- Ар сэ кхьыщыхсуамыгъэфащэкIэ, тхьэр зГъэпэжащ сыдэпсэумэ, - жиIэри, Жан дахэр и шыпIам дигъэпIысхьэри ихьжьащ, Арщыдан Хьэмырзэхэ я дежи щригъэпсыхьжащ...

Абы иужькIэ Андемыркъан кьишауэ, унагъуэ ищIыжауэ яIуатэу зыми зэхихакъым. Аращ-тIэ, тумэм и Iэхъур гуащIэщ, жыхуаIэращ.

къэпхъуати, ехьэжьи - гъэзгу махуэ! - чэнджащ зэгъэпэща къритащ лIыжьым Андемыркъан.

Андемыркъан лIыжьым и чэнджещIр къищтащ. Ахэр Хьэмырзэхэ я деж къэсри, щхьэхуэ-щхьэхуэу дыхьэри, бжэIупэ джэгум екIуэлIащ. Зыи, тIуи эсфагъэни, а джэгум еплъу ахэр щытурэ. ИтIанэ лIыжьым и пшынэбзэр игъэпсалъэу щIидзащ. Утыкур ин ящIащ. Щылэ къыдэкIащ, ауэ а пшынэм къыдэфэфын хъыджбз ягъуэтакъым.

Щымыхъужьым, джэгур зейхэр унэм щIыхьэжхэри, Жан дахэр кхьщIашри, кьагъэфэну кхьитрагъэхьащ. Андемыркъан зыпэплъэр арати, кхьлукIри и шыуанэр кхьзэщIикъуэзащ, кьафэу тет хъыджбзбэр езыр здэщыт пхъныкъуэмкIэ кхьекIуэкIыху пэплъэри, зэуэ шым зридзщ, кхьибГъурышасэщ, ипхъуатэщ аби, уэ плъэгъуа, сэ сльэгъуа - екъэжащ.

Андермыкъан, пхъэр мин кхьжьами, зыш кхьлъэщIыхьэнутэкъым. Зытесыр Жэманшэрыкъти, алъпI щыпхъут, дамэ тету лъатэм хуэдэт. А щIыкIэм тету Андемыркъан Жан дахэри кхишэри унагъуэу тIысыжащ. Арщхьэкlэ дунейр кхьзэриухуэрэ насыпкъэмыгъакIуэу кхекIуэкIыр щIыху бзаджэхэм я бзэракъэ? Андемыркъан Курпыкъуэ дэсти, а жылэм зэпхьпсэлъыжIыу щIадзащ:

- Уэлэхьи, Хьэмырзэхэ япхъу Андемыркъан кхрамытынт, лIыгъэкIэ кхатрихащ армыхъумэ, - жаIэу.

Андемыркъан лIы пхъашэти:

- Ар сэ кхьыщыхсуамыгъэфащэкIэ, тхьэр зГъэпэжащ сыдэпсэумэ, - жиIэри, Жан дахэр и шыпIам дигъэпIысхьэри ихьжьащ, Арщыдан Хьэмырзэхэ я дежи щригъэпсыхьжащ...

Абы иужькIэ Андемыркъан кьишауэ, унагъуэ ищIыжауэ яIуатэу зыми зэхихакъым. Аращ-тIэ, тумэм и Iэхъур гуащIэщ, жыхуаIэращ.

Нарт тхыдэжьхэр

Лъэпщ гъукIэ зэрыхъуам и хъыбар

Нартхэм я зэманым гъаблэ хъуат. ЦIыхухэм яшхын ямыгъуэту лIэуэ апхуэдэт. Лъэпщрэ Тхьэгъэлэджрэ зэгъынэгъуу псэухэт. Лъэпщ а зэманым гъукIэтэкъым. Абы гъавэ иIэт. Тхьэгъэлэдж гъавэншэт. Лъэпщ фызэ иIэтэкъым. Тхьэгъэлэдж фызэ иIэт. Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ мэжалIэ щыхъум, Тхьэгъэлэдж и фызэр Лъэпщ деж игъэкIуащ.

- Лъэпщ, зыри диIэкъыми, гъавэ щIыхуэ къыдэт, - жиIэри кIуащ фызэр.

- Зэ зызгъэгъэти уэстынщ, - жиIащ Лъэпщ.

Фызми имыдзу кхыщIэкIыжри кхэкIуэжащ. Тхьэгъэлэдж и фызым зыри кхимыхьу кхыщIыкIуэжьим и лIыр еупщIащ:

- Кхыбжилар сыт? - жиIэри.

- СиIэкъым жери кхызитакъым, - жиIащ фызым. Апхуэдэурэ екIуэкIыурэ нэхъри мэжалIэ щыхъум, Тхьэгъэлэдж и фызэр игъэкIуащ етIуанэу.

- КIуэри. кхьеIых, етIанэгъэ хуэдитI ептыжащ, - жиIэри.

Лъэпщ деж аргуэру фызэр кхэкIуащ.

- Iэмал иIэмэ, кхьдэт, етIанэгъэ уэттыжынщ хуэдитIу, жиIащ си лIым.

ЕтIуанэу кхыщIыкIуами, Лъэпщ фызым апхуэдэ жаIапщ иритар. Фыз гъэрым имыдзу кхыщIэкIыжри кхэкIуэжащ.

- Сыт кхыбжиIар? - кхьеупщIащ аргуэру Тхьэгъэлэдж.

- Сиlэкъым жери кхызитакъым, - жиIащ фызым.

- Дауэ зэримыIэр, и гуэным изу ильщ, езым и закъэущи, хуэшхынукъым, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

Апхуэдэурэ махуитIи, тхьэмахуитI-щыи дэкIащ. ЛIапэ щыхъум, нэгъэущ Iэмал имыгъэтыжу, аргуэру фызэ гъэрыр игъэкIуэн хуей хъуащ Лъэпщ деж.

- КIуэ иджыри зэ ельэлуж, долIапэ, - жиIэри.

Фызыр ещанэу Лъэпщ деж кхэкIуащ.

- СлIо аргуэру укхьыщIэкIуар, бжесIар кхьсхуумыщIэу зыри уэстынукъым. Кхьзэфтыжьмыни сыхуеийкъым, - жиIащ Лъэпщ.

ЦIыхубзым имыдзу аргуэру Iэщэщ кхьитэзащ.

- Сыт жиIэр? - жери Тхьэгъэлэдж и фызым еупщIащ.

- Аращ жиIэр: «сиIэкъым, сэ схурикъунукъым» жери идэркъым кхьдитын, - жиIащ фызым.

Аргуэру махуитI блэкIащ. Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ яхуэмыхьыхьх хъуащ.

- Иджыри кIуэи зэ ельэлуж, ахьлмэ, долIапэ, кхьдитым хуэдипщI етIанэгъэ еттыжынщ, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

- СыкIуэнукъым абы фIэкIа, альандэрэ бжезмыIа щхьэкIэ абы жиIэр мыращ: «Зэ зызгъэгъэти уэстынщ, арыншауэ уэстынукъым» жеIэ, - жиIащ фызым.

Тхьэгъэлэдж елплъыхри гупсысащ.

- КIуэ, абы афIэкIа напэ щимыIэкIэ кIуэ, сэ хуит узощI, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

- Хьауэ, сыкIуэнукъым, - жери идакъым фызым.

Арщхьэкlэ Тхьэгъэлэдж залымыгъэкIэ фызыр ихуащ.

Фызыр кхэкIуащ аргуэру Лъэпщ и деж.

- СлIо укъыщIэкIуар, арэзы ухъуа? - жиIэри еупщIащ Лъэпщ фызым.

- Аращ, сыкъэкIуащ, сыт ттщIэн, нэгъэущ Iэмал дгъэтыркъым. Тхьэгъэлэджи жесIэжати,ари арэзы хъуащ, - жиIащ фызым кIэзызуэ.

- АтIэ щхьэ укIэзызэ? Щхьэ ушынэрэ? - еупщIащ Лъэпщ фызым.

- СокIэзыз, соукIытэри, си напэм щхьэкIэ, си цIыкуГъэм щхьэкIэ. Ныбэ щхьэкIэ сэ мыпхуэдэ Iэзку зэрысщIэнум сыщоукIытэри, - жиIащ фызым.

- Абы щыгъуэ сэри уи цIыхугъэмрэ уи напэмрэ щхьэкIэ узот гъавэ. Сэри абы сыхуейуэ аратэкъым, ауэ уи цIыхугъэр, уи напэр здынэсыр ззэгъэщIэну арати - укIытэ уиIэу укъыщIэкIащ, - жиIэри гъэр иухыу гъавэ къаIэрыхьэхункIэ зрикъун Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ къаратащ.

Фызым гъавэр Лъэпщ кхэгъэтауэ кхыщыщIэкIыжьым, тхьэ елъэIуащ:

- Дэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, мы гъавэр дэ кхыдэзытам и Iэпкъльэпкъ пщыкIутIыр мафIэм щымышынэу, имысу щIы, - жиIэри. Фызыр Тхьэм зэрелъэIуар кхьхуищIэрти, Лъэпщ и Iэпкъльэпкъыр мафIэм имысу хъуащ.

ЕтIуанэ пщэдджьжьым Лъэпщ мафIэ ищIыжыри, и Iэр мафIэм игъэуабэртэкъым.

- Мы сэ си гугъэр гугъэкъым, сэ мафIэм сеIуэсфынущ, - жиIэри Лъэпщ абдежьым гъукIэн щIригъэжащ. Лъэпщ и Iэпкъльэпкъыр мафIэм имысыжь хъуащ.

Апхуэдэурэ гъэр кхэсри, Тхьэгъэлэдж гъавэшхуэ кхьитрихащ. Лъэпщи кхрита гъавэ щIыхуэр хуэдипщIу иритыжащ. Абы кхьыщIыщIэдзауэ игъащIэм Тхьэгъэлэдж гъавэ щIыщIакъым.

Лъэпщрэ Дэбэчрэ

Нарт зэшищым шыгъэджэгу ящIыт. Зэрыгъэгубжьри, шыгъэджэгур шыбГъэрыуэ хъужащ. ШыбГъэрыуэм и хуабжьыгъуэм я къуэш курытым и шыр ираудри, и куэр якъутащ.

Зи куэ кьута нартыр и кхуэшитIым кхъхьащ Дэбэч и кIыщым, и куэ къутар ирагъащIыжыну. А зэманым Лъэпщ гъукIэгъэсэн къудейуэ арат. Лъэпщ и гъукIэ тепщэ Дэбэч а дакъикъэм нэгъуащI Iэхъу ищIэрти, зи куэ кьута нартыр кхыщхьым, жиIащ:

- Сэ сыхущIыхьэркъым иджыпсту, си гъукIэгъэсэн щIалэм фхуищIыжынщ, - жиIэри.

Нарт зэшитIым загъэгуэсэри, я кхуэшыр щIахьжащ. Лъэпщи зыри жимыIэу щIригъэхьжащ. ГъукIэ тепщэжьым и Iэхъур зэфIэкIа нэжьж, зи куэ кьута нартри и кхуэшитIри игъэтыжажьым.

- Мес, яхьыжри кьегъэгъаззэ, пхущIыжьынумэ, - жиIащ Лъэпщ и тепщэм щхьэкIэ.

ГъукIэжьыр якIэлъыджэри, зэшищым къаригъэгъэззэжащ. Лъэпщи ауэ кхуэври еплъу щIидзащ. ГъукIэ тепщэжьыми лъакъуэр ищIыжу хуежьащ. Ауэ Лъэпщ гъущIым нащхьэ хуищIу хуежьэри, гъукIэжь Дэбэч сыт имыщIэми, гъущIыр хуэхъуакъым. ГъукIэжьыр ешри, хуэмыщIу хьфIидзэжащ.

- Си гъэсэныр мыбдеж щыту, мы гъущIыр сызыхуей схуэхъунукъым. Сэ нэхърэ ар нэхьыфIщ, си гъэсэным евгъэщI, - жиIащ Дэбэч.

Абы иужькIэ Лъэпщ и Iэдэуадэр кхищтэри, нартым и лъакъуэр ищIыжащ.

Нарт Хъудымыжьрэ Лъэпщрэ зы уадэкIэ зэрыгъуэкIар

Нарт Хъудымыжь Къургъуэтамэ тесу АIыдж и къуажэ дэсащ, жаIэ. Лъэпщ ЯтIэпсыкъуеишхуэм Пшышэжь деж мэзым гъукIэу хэсащ.

Хъудымыжьри гъукIэу щытащ, ауэ тIуми зы уадэ фIэкIа яIакъым. Лъэпщ гъущIыр мафIэм пэрилъхьэу игъэпIылъхукIэ, уадэр кхьхуихуидзырти, Хъудымыжь иригъукIэрт. Хъудымыжьи мафIэм и гъущIыр пэрилъхьэу игъэпIылъхукIэ, уадэр кхьхуидзыжьырти, Лъэпщыр иригъукIэрт. Ауэ зэгуэрым Лъэпщ уадэр кхигъэгъвэщ кхьимыдзыжуи, Хъудымыжьыр кхуэдрэ ежьащ. Кхьимидзыжьхэ щыхъэм, губжьри Лъэпщ деж ежьащ кIуэну. Хъудымыжь Лъэпщ деж нэмысу, нартхэм ешхэ-ефэ яIэу абы яхэкъуащ. Хъудымыжьр кхьэфну, уджьну чэзу кхьылъагъэсащ.

- УмэжэлIа хъунщ, си псэр зыишхын, сыт пхуэспщэфIын, сыт уэзгъэшхын? - жиIэри.

ЛIым и ныбэр из хъунти, гъуэлъыжри жеящ. Пщэдджьжьым дунейр кхъуэныма-бжьынымэм зэрихьэу лIыр кхэушри, кхэтэджщ аби, фIыуэ шхауэ, лэжьапIэм кIуэну кхьщыщIэкIым, зигъэжжри...

- А дыгъуасрей ахъшэр кхьызэтыжыт, - жиIащ, жи. - Ар кIэзонэ ахъшэщ.

Фызыр нэщхькIэ кхьепыджри, ахъшэр кхритыжащ. ЛIыр дихьэшхьыпэ кIуэрт, жи, лэжьапIэм:

- Дунейм теткъым фызым ямыужэгу, ахъшэм фIэжIа, - жиIэуурэ. - ЛъагъунытIэри яужэгу, псалъэ IэфIри яужэгу, щыгъын дахэри яужэгу, зэи ямыужэгъур ахъшэращ.

Уи набдзэр зыбзам езгъэбзыщ

ИпэкIэ хабзэу щытащ нысащIэ къашагъащIэм дын кхьыхахьрэ ирагъэбэ-ирагъэду - бостей, джанэ-гъуэншэдж, вакъэ сыт хуэдэхэр. IэпщIэлъапщIэу кхьыщIэкIмэ, щхьэкхьэт имыIэу ягъалажьэрт.

Еуэри, жеIэ, щIалэгъуалэ зэхэс гъэрым хъыджэбз щIалэ дыдэ яхэст щыму, зыри кхьихимыдзэу, мыгушIэу. Ар щIалэжь гъэрим игъэщIагъэуэри:

- Уэ зыри жыпIэркъыми, хъыджэбз дахэ? - жриIащ.

Нэгъэущ зы щIалэ, гушыIэ хэлъу, къэпсалъэри:

- Ар ятауэ дэсщи, дэ тхуэдэу гушыIэну хуиткъым, - жиIащ.

Ялэрей щIалэжьым ар игъэщIагъуэри, хъыджэбзым дежкIэ епльэкIащ:

- Iэу, пасэIуэкъэ?! - жиIэри. - «Гуэншэрыкъ тхуэбз» жаIэрэ кхьпхуэщIахьэмэ, ялo пщIэжьнур?

Iэдэбу щыс хъыджэбзыр кхьхудэпльэфри, щIалэжьым и набдзэр щIэупсауэ щилъагъум, щIэдыхьэшхыкIри:

- А уи набдзэр зыбзам езгъэбзынщ, - кхьжриIащ.

«Хъыджэбз Iэдэбщ» жыпIэу утемыгушхуэ, пэбдзыжьым умыгушэу укъигъэнэнщ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

Лъэпщ гъукIэ зэрыхъуам и хъыбар

Нартхэм я зэманым гъаблэ хъуат. ЦIыхухэм яшхын ямыгъуэту лIэуэ апхуэдэт. Лъэпщрэ Тхьэгъэлэджрэ зэгъынэгъуу псэухэт. Лъэпщ а зэманым гъукIэтэкъым. Абы гъавэ иIэт. Тхьэгъэлэдж гъавэншэт. Лъэпщ фызэ иIэтэкъым. Тхьэгъэлэдж фызэ иIэт. Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ мэжалIэ щыхъум, Тхьэгъэлэдж и фызэр игъэкIуащ етIуанэу.

- КIуэри. кхьеIых, етIанэгъэ хуэдитI ептыжащ, - жиIэри.

Лъэпщ деж аргуэру фызэр кхэкIуащ.

- Iэмал иIэмэ, кхьдэт, етIанэгъэ уэттыжынщ хуэдитIу, жиIащ си лIым.

ЕтIуанэу кхыщIыкIуами, Лъэпщ фызым апхуэдэ жаIапщ иритар. Фыз гъэрым имыдзу кхыщIэкIыжри кхэкIуэжащ.

- Сыт кхыбжиIар? - кхьеупщIащ аргуэру Тхьэгъэлэдж.

- Сиlэкъым жери кхызитакъым, - жиIащ фызым.

- Дауэ зэримыIэр, и гуэным изу ильщ, езым и закъэущи, хуэшхынукъым, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

Апхуэдэурэ махуитIи, тхьэмахуитI-щыи дэкIащ. ЛIапэ щыхъум, нэгъэущ Iэмал имыгъэтыжу, аргуэру фызэ гъэрыр игъэкIуэн хуей хъуащ Лъэпщ деж.

- КIуэ иджыри зэ ельэлуж, долIапэ, - жиIэри.

Фызыр ещанэу Лъэпщ деж кхэкIуащ.

- СлIо аргуэру укхьыщIэкIуар, бжесIар кхьсхуумыщIэу зыри уэстынукъым. Кхьзэфтыжьмыни сыхуейкъым, - жиIащ Лъэпщ.

ЦIыхубзым имыдзу аргуэру Iэщэщ кхьитэзащ.

- Сыт жиIэр? - жери Тхьэгъэлэдж и фызым еупщIащ.

- Аращ жиIэр: «сиIэкъым, сэ схурикъунукъым» жери идэркъым кхьдитын, - жиIащ фызым.

Аргуэру махуитI блэкIащ. Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ яхуэмыхьыхьх хъуащ.

- Иджыри кIуэи зэ ельэлуж, ахьлмэ, долIапэ, кхьдитым хуэдипщI етIанэгъэ еттыжынщ, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

- СыкIуэнукъым абы фIэкIа, альандэрэ бжезмыIа щхьэкIэ абы жиIэр мыращ: «Зэ зызгъэгъэти уэстынщ, арыншауэ уэстынукъым» жеIэ, - жиIащ фызым.

Тхьэгъэлэдж елплъыхри гупсысащ.

- КIуэ, абы афIэкIа напэ щимыIэкIэ кIуэ, сэ хуит узощI, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

- Хьауэ, сыкIуэнукъым, - жери идакъым фызым.

Арщхьэкlэ Тхьэгъэлэдж залымыгъэкIэ фызыр ихуащ.

Фызыр кхэкIуащ аргуэру Лъэпщ и деж.

- СлIо укъыщIэкIуар, арэзы ухъуа? - жиIэри еупщIащ Лъэпщ фызым.

- Аращ, сыкъэкIуащ, сыт ттщIэн, нэгъэущ Iэмал дгъэтыркъым. Тхьэгъэлэджи жесIэжати,ари арэзы хъуащ, - жиIащ фызым кIэзызуэ.

- АтIэ щхьэ укIэзызэ? Щхьэ ушынэрэ? - еупщIащ Лъэпщ фызым.

- СокIэзыз, соукIытэри, си напэм щхьэкIэ, си цIыкуГъэм щхьэкIэ. Ныбэ щхьэкIэ сэ мыпхуэдэ Iэзку зэрысщIэнум сыщоукIытэри, - жиIащ фызым.

- Абы щыгъуэ сэри уи цIыхугъэмрэ уи напэмрэ щхьэкIэ узот гъавэ. Сэри абы сыхуейуэ аратэкъым, ауэ уи цIыхугъэр, уи напэр здынэсыр ззэгъэщIэну арати - укIытэ уиIэу укъыщIэкIащ, - жиIэри гъэр иухыу гъавэ кхьалъэрыхьэхункIэ зрикъун Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ къаратащ.

Фызым гъавэр Лъэпщ кхэгъэтауэ кхьыщыщIэкIыжьым, тхьэ елъэIуащ:

- Дэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, мы гъавэр дэ кхыдэзытам и Iэпкъльэпкъ пщыкIутIыр мафIэм щымышынэу, имысу щIы, - жиIэри. Фызыр Тхьэм зэрелъэIуар кхьхуищIэрти, Лъэпщ и Iэпкъльэпкъыр мафIэм имысу хъуащ.

ЕтIуанэ пщэдджьжьым Лъэпщ мафIэ ищIыжыри, и Iэр мафIэм игъэуабэртэкъым.

- Мы сэ си гугъэр гугъэкъым, сэ мафIэм сеIуэсфынущ, - жиIэри Лъэпщ абдежьым гъукIэн щригъэжащ. Лъэпщ и Iэпкъльэпкъыр мафIэм имысыжь хъуащ.

Апхуэдэурэ гъэр кхэсри, Тхьэгъэлэдж гъавэшхуэ кхьитрихащ. Лъэпщи кхрита гъавэ щIыхуэр хуэдипщIу иритыжащ. Абы кхьыщIыщIэдзауэ игъащIэм Тхьэгъэлэдж гъавэ щIыщIакъым.

Лъэпщрэ Дэбэчрэ

Нарт зэшищым шыгъэджэгу ящIыт. Зэрыгъэгубжьри, шыгъэджэгур шыбГъэрыуэ хъужащ. ШыбГъэрыуэм и хуабжьыгъуэм я къуэш курытым и шыр ирауди, и куэр якъутащ.

Зи куэ кьута нартыр и кхуэшитIым кхъхьащ Дэбэч и кIыщым, и куэ къутар ирагъащIыжыну. А зэманым Лъэпщ гъукIэгъэсэн къудейуэ арат. Лъэпщ и гъукIэ тепщэ Дэбэч а дакъикъэм нэгъуащI Iэхъу ищIэрти, зи куэ кьута нартыр кхыщхьым, жиIащ:

- Сэ сыхущIыхьэркъым иджыпсту, си гъукIэгъэсэн щIалэм фхуищIыжынщ, - жиIэри.

Нарт зэшитIым загъэгуэсэри, я кхуэшыр щIахьжащ. Лъэпщи зыри жимыIэу щIригъэхьжащ. ГъукIэ тепщэжьым и Iэхъур зэфIэкIа нэжьж, зи куэ кьута нартри и кхуэшитIри игъэтыжажьым.

- Мес, яхьыжри кьегъэгъаззэ, пхущIыжьынумэ, - жиIащ Лъэпщ и тепщэм щхьэкIэ.

ГъукIэжьыр якIэлъыджэри, зэшищым къаригъэгъэззэжащ. Лъэпщи ауэ кхуэври еплъу щIидзащ. ГъукIэ тепщэжьыми лъакъуэр ищIыжу хуежьащ. Ауэ Лъэпщ гъущIым нащхьэ хуищIу хуежьэри, гъукIэжь Дэбэч сыт имыщIэми, гъущIыр хуэхъуакъым. ГъукIэжьыр ешри, хуэмыщIу хьфIидзэжащ.

- Си гъэсэныр мыбдеж щыту, мы гъущIыр сызыхуей схуэхъунукъым. Сэ нэхърэ ар нэхьыфIщ, си гъэсэным евгъэщI, - жиIащ Дэбэч.

Абы иужькIэ Лъэпщ и Iэдэуадэр кхищтэри, нартым и лъакъуэр ищIыжащ.

Нарт Хъудымыжьрэ Лъэпщрэ зы уадэкIэ зэрыгъуэкIар

Нарт Хъудымыжь Къургъуэтамэ тесу АIыдж и къуажэ дэсащ, жаIэ. Лъэпщ ЯтIэпсыкъуеишхуэм Пшышэжь деж мэзым гъукIэу хэсащ.

Хъудымыжьри гъукIэу щытащ, ауэ тIуми зы уадэ фIэкIа яIакъым. Лъэпщ гъущIыр мафIэм пэрилъхьэу игъэпIылъхукIэ, уадэр кхьхуихуидзырти, Хъудымыжь иригъукIэрт. Хъудымыжьи мафIэм и гъущIыр пэрилъхьэу игъэпIылъхукIэ, уадэр кхьхуидзыжьырти, Лъэпщыр иригъукIэрт. Ауэ зэгуэрым Лъэпщ уадэр кхигъэгъвэщ кхьимыдзыжуи, Хъудымыжьыр кхуэдрэ ежьащ. Кхьимидзыжьхэ щыхъэм, губжьри Лъэпщ деж ежьащ кIуэну. Хъудымыжь Лъэпщ деж нэмысу, нартхэм ешхэ-ефэ яIэу абы яхэкъуащ. Хъудымыжьр кхьэфну, уджьну чэзу кхьылъагъэсащ.

- УмэжэлIа хъунщ, си псэр зыишхын, сыт пхуэспщэфIын, сыт уэзгъэшхын? - жиIэри.

ЛIым и ныбэр из хъунти, гъуэлъыжри жеящ. Пщэдджьжьым дунейр кхъуэныма-бжьынымэм зэрихьэу лIыр кхэушри, кхэтэджщ аби, фIыуэ шхауэ, лэжьапIэм кIуэну кхьщыщIэкIым, зигъэжжри...

- А дыгъуасрей ахъшэр кхьызэтыжыт, - жиIащ, жи. - Ар кIэзонэ ахъшэщ.

Фызыр нэщхькIэ кхьепыджри, ахъшэр кхритыжащ. ЛIыр дихьэшхьыпэ кIуэрт, жи, лэжьапIэм:

- Дунейм теткъым фызым ямыужэгу, ахъшэм фIэжIа, - жиIэуурэ. - ЛъагъунытIэри яужэгу, псалъэ IэфIри яужэгу, щыгъын дахэри яужэгу, зэи ямыужэгъур ахъшэращ.

Уи набдзэр зыбзам езгъэбзыщ

ИпэкIэ хабзэу щытащ нысащIэ къашагъащIэм дын кхьыхахьрэ ирагъэбэ-ирагъэду - бостей, джанэ-гъуэншэдж, вакъэ сыт хуэдэхэр. IэпщIэлъапщIэу кхьыщIэкIмэ, щхьэкхьэт имыIэу ягъалажьэрт.

Еуэри, жеIэ, щIалэгъуалэ зэхэс гъэрым хъыджэбз щIалэ дыдэ яхэст щыму, зыри кхьихимыдзэу, мыгушIэу. Ар щIалэжь гъэрим игъэщIагъэуэри:

- Уэ зыри жыпIэркъыми, хъыджэбз дахэ? - жриIащ.

Нэгъэущ зы щIалэ, гушыIэ хэлъу, къэпсалъэри:

- Ар ятауэ дэсщи, дэ тхуэдэу гушыIэну хуиткъым, - жиIащ.

Ялэрей щIалэжьым ар игъэщIагъуэри, хъыджэбзым дежкIэ епльэкIащ:

- Iэу, пасэIуэкъэ?! - жиIэри. - «Гуэншэрыкъ тхуэбз» жаIэрэ кхьпхуэщIахьэмэ, ялo пщIэжьнур?

Iэдэбу щыс хъыджэбзыр кхьхудэпльэфри, щIалэжьым и набдзэр щIэупсауэ щилъагъум, щIэдыхьэшхыкIри:

- А уи набдзэр зыбзам езгъэбзынщ, - кхьжриIащ.

«Хъыджэбз Iэдэбщ» жыпIэу утемыгушхуэ, пэбдзыжьым умыгушэу укъигъэнэнщ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ.

● Гъэсэпэтхыдэхэр

Дэтхэнэ благъэр нэхъ гъунэгъу?

Къзэанокъуэ Жэбагъы махъсымафэ гупым яхэсу, псалъэмакъ кхоъфэ:

- Дэтхэнэ благъэр нэхъ гъунэгъу? - жаIэри. Зодауэ щIадзауэ. Зыр кхъопсалъэри жеIэ:

- Уи адэкIэ уи благъэр нэхъ гъунэгъущ, - жи.

Ар имыдзу адрейм трегъэчныхьэ:

- АнэкIэ уи благъэм хуэдэ щIыпкъым, ахэр нэхъ уи гъунэгъужщ, - жи.

ЩызэгурымIыуэм, псори Къзэанокъуэ Жэбагъы кхепIащ. Жэбагъы и пащIэр махъсымэм хищIэри:

- Уи пхъур зэрысрэ уи нысэ и дыщрэ нэхъ благъэ щыIэкъым, - жиIащ жи.

Къзэанокъуэ Жэбагъы лIы Iущкъэ-тIэ езыр, гупым абы жиIам падзыжьи ягъэтакъым, абдежьым къыщегъажьауэ ар Iущыгъэу лъэпкъым кхьидокIуэкI.

Дэгъазэ и мэл закъуэр

Кхъуащэ Дэгъазэ зы мэл закъуэ иIэти, жылэм я хъуэмэ хъудзу хигъэхьэри Кхъущхьэпъу яхуащ. Хъудзыр гъунажжкъэ, дыгъужьым пэщIэхуэри ишхащ. Дэгъазэ ар щыжраIэжмэ, ину гуфIащ, жаIэ.

- Ялыхь, уи шыкурщ, зи мыхъуми Кхъущэ Дэгъазэ мэл иIэти, хьэм ишхащ, жаIэнщи, цIыхум фэ кхъзаплъынщ - жиIэри.

Гуп зэхэтыр дыхьэшхри, поми мэл зыриз къратщ аби, хъушэу кхьхури кхэкIуэжат, жаIэ.

Уи мэл хьэм щишхынум деж, Дэгъазэ и мэлыр зэришхам хуэдэу ирешхьж, щIыжаIэр араща.

Фызым ямыужэгъур сыт?

ЛIы гъэрым и фызыр шхыдэрейт, «махуэ кхэс уофэ, гуваэ унэм укъокIуэж», - жиIэурэ хъурджауэрт. Зы жэщ гъэрым зы жей пакIэ ирихьэжIэрэ етIуанэ пщIыхьэпIэм хьжьауэ здыхэтым, ящIыр кхэкIуэжри, бжэм схьэм кхьтеуIуащ. Мо жей Iэфым хэту кхагъэуша унэгуащэм зыкъызэщIищIэщ, и нэщхьри кхьзэхиукIэри, лIыр кхьщIигъэхьэжащ. Кхехъурджэуэну фызым и жьэр щызэтрихьэм, лIыр и жыпIэм иIэбри, ахъшэ зэкIуэцIыпIыфI кхрихри, хуишиящ:

- Мыр гъэпщкIу, фыз, - жиIэри.

Ахъшэр щилъагъум, унэгуащэм и нэщхьыр зэлъыуихьжащ, фоупсыр кхьызыригъэжу щIидзащ:

- Сэ сыпсынщIэIуэщ, ауэ сыкъэфэфынукъым икIи сыкъэуджыфынукъым, зыгуэр кхъзгъэуэтынщ, - жиIэри кхъхэкIыжащ. Вий щIэщIауэ пхъэIэщэрэ лIырэ губгъэум вэуэ итти, кхрихужьри кIыщым щIихуэри бжэр хуищIыжащ.

КIыщым ахэр зэрыщIэту и дамэм тригъэувэщ, кхихри нартхэ я ешхэ-ефэм кхэкIуэжащ. Ахэр и дамэм зэрытету кхэфэну, уджьну иригъэжьащ. И лъэгум сабэр кхыщIихыу вийр зэриудэкIыу уджащ. Нартхэр елъэури ягъэувыIэжащ.

- Ди вийр букIауэ, ди пхъэIэщэр пкъутауэ, ди цIыхуи букIынущ, апхуэдэу хъунукъым, - жаIащ нартхэм.

Ар зыщыуджар Къунчыкъуэхьблэ дежщ, нобэр кхъздэсым «нарт Хъудымыжь и уджьпIэкIэ» еджэу щIыпIэ иIэщ.

Нарт Хъудымыжь уджащ ужьым кхахькIыжри, Лъэпщ деж

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

И къалэмыр урежан

ЦIыхур дунейм къыщытехьэм щегъэжьауэ и анэдэлъхубзэр зрегъэцIыху, зрегъащIэ, адэкIэ абы иригупсысэфу, зригъэужьу мэхъу. Абы и курыхым лъэIэсафыр усэбзэкIэ «къопсальэ». Апхуэдэ тхакIуэшхуэхэмрэ усакIуэхэмкIэ адыгэ лъэпкъыр сыт щыгъуи бейуэ щытащ. Иджы абыхэм къакIэлъыкIуа щIэблэми узыгъэгушхуэхэр яхэтщ. Абыхэм ящыщщ къыддэлажьэ усакIуэ, журналист, нобэ зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу Гугъуэт (НафIэдз) Заремэ.

ЗАРЕМЭ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост къуажэм къыщалъхуащ, КъБКъУ-м Филологиемкlэ и факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и кудамэр къиуащ. Ар Урыс Федерацием и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы и усыгъэхэм щIэщыгъуагъ яхэлъщ, бзэраци, гъэщIэгъэныщIэу бейщ. ЗэрыгурыIуэгъэщи, анэдэлъхубзэм и Iэфiагъым, лъэпкъ литературэм, адыгэ усыгъэм, щыхур къызыхэкIа лъэпкъым къуэпс быдэкIа пыщIауэ щытыным и мыхьэнэр инщ, абы цIыхум зрегъэузэщIри. Ар Заремэ и щапхъэмкIэ нэрылъагъуащ.

Къыхэзгъэщыпхъэщ, Гугъуэтым и усэхэр республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къызэзгъэпэщащ и мызакъуэу, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ IэкIэхэр щызэхуэхьса «Къудамэщ» и, «Шыхулъагъуэм и вагъуэхэр» тхылъхэми зэрихуар. 2016 гъэм дунейм къытехьащ. Заремэ «Хьэуа Iубыгъуэ» зырIища и тхылъ щхьэхуэри.

Зи тхыгъэм щIэджыкI усакIуэм и дуней тетыкIэр, Iэзху епIыкIэр, гупсысэкIэр зыхуэдэр цIыхухэм зрагъэщIэну яфIэфI хабзэщ. Заремэ и анэдэлъхубзэм хуища лъагъуныгъэм къежьапIэ хуэхъуам, тхэн зэрыщIидзам техуауэ жиIэ хабзэщ: «Анэдэлъхубзэр фIыуэ сымыпIагъункIэ хъуну апхуэдэ упщIэ си деж зэи къэувакъым, си къежьапIэр си бзэми и къежьапIэщ. СIурылъу сыкъыщцыхьуакIэ, сэ сщыщцу ар. Унэм тхылъ куэду щIэлъат. Ди анэр Iуэрылъуатэм, хъыбархэм, псысэхэм къытхуеджэрт куэдрэ. Тхэн зэрыщIэздзам и гугъу пщIымэ, сышколакIуэт абы щыгъуэм. Зэгуэр си унэ лэжьыгъэхэр сщIыжу сыбгъадэст. АрщхьакIэ, сызыпэрысым сегупсысысфыртэкъым. Си анэм и жагъуэ сщIати, ар сигу къеуэжыт - арат си щхьэм илъыр. Тетрадыр и щIыбагъымкIэ къызэIухри, зыгуэрхэр истхащ, усэ жыпхъэм ит хуэдэу... Анэ лъагъуныгъэрщ усыгъэм сыхэзышар».

Заремэ и къалэмыр нэхъ жан зыщIауэ къыпытэр тхакIуэ Хьэ Сафарбий зэхищауэ щыта «Шыхулъагъуэ» зэгухьэныгъэм кIуэну Iэмал зэриIарщ. Хьэхым тхэн щIэзыдзагъащIэхэм яхуища гулъытэр, лъэпкъ литературэм теухуауэ иIа гудзакъэмрэ мысыбэнэмрэ ещанIауэ и гугъуехьыр пщIэншэ зэрымыхъуар нэрылъагъуц ди лэжьагъым и къалэмыпэм кьыщIитхакIэмкIэ.

Дыхуейт нобэ зи махуэр зыгъэлъапIэ усакIуэ ныбжьыщIэм «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкIыу дехьэхьуну, и къалэмыр жану, и гукъыдэжкIэ хэхъуэу, ехьулIэныгъэрэ унагъуэ насыпрэ иIэу псэуну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ я зэфlэкl

Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ къэралым и еджапlэ нэхъыщхьэхэм я еджакlуэхэм я лэжьыгъэ нэхъыфlхэр.

МОСКВА Художествэхэмкlэ и Урысей Академием и художественнэ школымрэ Санкт-Петербург и академическэ художественнэ лицей Иогансон Б. В и цlэр зезыхьэмрэ щеджэжам я Iэдакъэщlэкlхэм къадэкlуэу, музейм утыку къыщрахьащ «Егъэджакlуэ-еджакlуэ» методикэ гъэлъэгъуэныгъэри. Ар теухуат Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм гъуэзджэхэмкlэ и лицейм и егъэджакlуэхэмрэ гъэсакlуэхэмрэ я лэжьыгъэхэм. БгъэIэпхъуэ хъу выставкэр Налшык зы махуэкlэ щагъэлъагъуэри, Кавказ Ищхьэрэм и нэгъуэщI щынальэхэм ящащ. Егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ я илъэсым апхуэдэ зэпыщIэныгъэм и мыхьэнэр къэлыятэгъуейщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуащ къэралым и школхэм я гъэтIылъыгъэхэм щахъумэ лэжьыгъэхэр, сурэтыщI гъуэзджэм и хабзэ нэхъыфlхэр къызыхэщхэр. А псор щапхъэ яхуэхъунущ гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIэну ныбжьыщIэхэм. Сурэт щыныкIэ егъэджакlуэхэм я дежкIи а лэжьыгъэхэр щхьэпэщ.

Налшык гъуэзджэхэмкlэ и школ №1-м и унафэщIым и къудэр Кусовэ Лианэ фIыщIэ яхуищащ Осетие Ищхьэрэ - Аланием гъуэзджэхэмкlэ и школым и унафэщI Ходовэ Фатlимэрэ хьэщIэхэмрэ, я зэфlэкlэхэр ди музейм зэрыщагъэлъагъуэм папщIэ.

Осетие Ищхьэрэ - Аланием гъуэзджэхэмкlэ и лицейм и методист нэхъыщхьэ, зи лэжьэгъуэхэм я гъусэу выставкэр Налшык къэзыша Дзерановэ Елизаветэ тепсэлъыхьащ мы гъэм фокIадэм щыщIэдзауэ дыгъэгъазэ пщIондэ Владикавказ къалэм щекIуэкIыну «Art-перспектива» Iэхъум. Ар къызэрагъэпэщащ щэнхабзэ жэрдэмхэмкlэ Президент фондымрэ хьэрычэт къеГъэщIыным пымыльэ «Дзрэжэгъуэ» Iэхъущlапlэмрэ я фIыгъэкIэ. А лэжьыгъэр зытеухуар аращи, щэфIэкI зиIэ сабийжэм Iуэгъуэжэ зэхьхьэжэр, концертхэр, сурэтыщI гъуэзджэмкlэ «Диалог культур» зэпеуэхэр ирагъэкIуэкI. Къапщтэмэ, мыгъэрей зэпеуэм зрагъэубгъуауэ, Къалмыкъ, Шэшэн республикэхэм я лIыкIуэхэр къыхащэри.

- Илъэсипщl и пэкlэ едгъэжьа «Диалог культур» зэпеуэм и щIэупщIэм хохьуэ, абы гъэ къэс нэхъри зэрызиубгъур нэрылъагъущ, - жиIащ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI Каркусов Роберт. - Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ япэу къытхузэгъэпэщащэ аращ. Абы и фIыгъэкIэ утыку къыдоишэф щIыпIэ пхыдзэхэм щыпсэу, гъуэзджэм дильэх ныбжьыщIэхэр, псоми ди зэфIэкIым хыдогъахъуэ икIи абы иджыри къыпытщэну ди мурадщ.

Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щIыхь зиIэ и художник, егъэджакlуэ Цалагов Фатlимэ и псалъэм кыхигъэщащ Москва, Санкт-Петербург и егъэджакlуэхэм Владикавказ мастер-класс хэр зэрыщатар, я гъэсэнхэм я гъусэу езыхэми я зэфIэкIым, Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм зэрыкагъахьауэр.

Выставкэр ягъэдхащ Налшык къалэм гъуэзджэхэмкlэ и сабий школ №1-м и «Глиссандо» хорым (художественнэ унафэщIыр Хейфиц Еленэщ), а школым и уэрэджьыкIуэ, пшынауэ ныбжьыщIэхэу Сэбаншы Камил, Балъкъэр Санетэ, Шэрхъ Инал, Зиф Альберт сымэ, нэгъуэщIхэми.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трикащ.*

Бекъул Миланэ и къыкIэлъыкIуэ дыщэ медалыр

● Тхэквондо

Минск къалэм и «Чижовка-Арена» спорткомплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ Белорусием и Кубокыр тхэквондокIэ къэхъыныж хуэунэIа зэхьэзэхуэр. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъарым и «Пять колец» спортакадемием и гъэсэнхэри икIи екъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъущи, УФ-м и чемпион Бекъул Миланэ дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ, и хьэлъагъ елыытауэ зыхэта гупым къыхтекIуэн къэхэмкIыну.

Тренерхэр гугъат тхэквондомкIэ къэралым тIэунейрэ и чемпион Багъ Идар зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр зыщIихьыну, ауэ, япэ зэлущIипIлыр къихьри, кIэух зэпеуэм абы щызытригъэкIуащ Белоруссием и спортсмен Гурциев Георгий. Къыхэдгъэщынщи, хэгъэрейхэм я командэм щыщу а зыращ дыщэ медаль къэзыхьыфар.

Финалым и Iыхьэ зыщIэуащ щIэзэу ди щIалэ Яхненкэ Даниил къытекIуащ Олимп джэгуэм я призер, УФ-м и командэ къыхэхам хэт Артамонов Михаил. Кубок зэIухам и домбеякъ медалыр къихьащ ЩокъуийИслъам.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щызэуащ Токио щекIуэкIа Олимп джэгуэм чемпион щыхъуа Храмцов Максимрэ Ларин Владиславрэ. Спортсмен щIэрыIуэхэм мыбдежми дыщэ медалыр зыIэщIагъэкIакъым. УФ-м гупхэм я зэпеуэм ялэ увыпIэр къыщихьащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Пять колец» спортакадемием и гъэсэнхэм я тренерыр Ахъмэт Амирщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сабийхэр хъумэным хуаущий

Къэбэрдей-Балъкъарым и автоинспекторхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ цIыху балигъхэм гурагъаIуэ сабийхэр транспорткIэ къызэрешэкIыпхъэ хабзэр.

ПРОХЛАДНЭ районым и гъэзугъэм щекIуэкIащ балигъ мыхъуахэр шынагъэншэу кьешэкIыным хэзгъэпса хабзэхэм шоферхэм щахутепсэлъыхьа Iуэху. Рулым дэсхэм жраIащ машинэм къыщагъэсэбэп шэнтIэьейм сабий гъащIэр гъэзугу къэхъукъащIэм къызэрыщIрагъэлыфынр.

Iуэху щхьэпэм хэтащ Прохладнэ районым и автоинспектор нэхъыщхьэ, полицэм и майор Пыхъ Заур, Прохладнэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и пресс-секретарь Сонэ Алъхъэс, Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и Жылагъуэ советым хэт Клюй Андрей, Прохладнэ къалэмрэ районымрэ я сымаджэщ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ Тхьэгъэпсо Аленэ, медицинэ лэжьакIуэхэу Хьуран Маринэ, Пак Еленэ, Цагъуэ Роксанэрэ Мамхэгъ Алексейрэ я гъусэу.

Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм балигъхэм ягу къагъэкIыжащ сабийр машинэм ису щыкIуэкIэ, абы и шынагъэншагъэр рулым дэс дэтхэнэм дежкIи япэ къалэну зэрыщытыр, гъэзугу-транспорт къэхъукъащIэхэм фэбжь щамыгъуэтын папщIэ сабий шэнтIэьейм ипхуэдэ исын зэрыхуейр.

Медицинэм и лэжьакIуэхэми жаIащ илъэс 12 ныбжьым нэсхэр къыщрашэкIкIэ а Iэмэпсымэр къызэрагъэсэбэпыпхъэр, апхуэдэуи сабий шэнтIэьейр къыщыхахкIэ ди зыхуэщIам и лъагагъэр, хьэлъагъымрэ и ныбжьымрэ къэлытытэн зэрыхуейр.

ПсалъэмакIым иужькIэ рулым дэс дэтхэнэми ираташ шэнтIэьей цIыкIуэр къызэрыхэхыпхъэм теухуа тхылъхэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Прохладнэ щыщ ныбжьыщIэхэм я текIуэныгъэхэр

● Бэнэкlэ хунт

Осетие Ищхьэрэ - Аланием щыщ Мэздэгу къалэм пэгунэгъу Калининскэ щуажэ щыкIуэ щыкIуэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм бэнэкlэ хуитымкlэ я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ 2012 - 2016 гъэхэм къалъхуахэр, ныбжьыщIэ 250-рэ хуэдиз.

ЗЭПЕУЭМ щIимыдзэ щыкIэ къызэгъэпэщакIуэхэм, спортсменхэм, спортым дихьэхэм ягу къагъэкIыжащ дзэ Iэху хэхам хэкIуэдахэр, мыдрейуэ, ехъуэхъащ къэралым и щIыхьэр яхъумэу Украинэм щыIэхэм текIуэныгъэр къахьыну, узынщIу я унэ къагъэззжыну.

Къэбэрдей-Балъкъарым и щIыхьэр яхъумэу зэхьэзэхуэм хэтащ Прохладнэ куейм хыхьэ Альтуд, Къэрэгъэш, Прималкинскэ жьыпхъэм я бэнакIуэ щIыкIуэр.

Удзэныхьэхыу икIи гъэщIэгъэныгъэ екIуэкIа зэпеуэхэм дыжьын медалэр къыщахьащ Касабян Арсений, Гущlапщэ Дамир, Цагъуэ Албэч сымэ. Ут Iуэрэ, Гаев Даниил, КIуэкIуэ Аскэр сымэ ещанэ увыпIэм дэкIуеящ.

ЩIалэхэм я тренер, УФ-м спортымкIэ и мастер Цагъуэ Хьэмидбийрэ бэнакIуэ цIыкIуэхэмрэ фIыщIэ хуащIащ Прохладнэ щIыналъэ администрацэм и унафэщI Журавлёв Андрейрэ щIыпIэ хъэрычэтыщIэхэмрэ, зэхьэзэхуэм хэтын щхьэкIэ къызэрыдзэIэпыкъуам папщIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Бжьыхьэгъафlэ

Щхьэлыкъуэ сабий сад №2-м бжьыхьэр щагъэфIащ, кьепхъыс хуащIащ тхьэмпэ зэмыфэгъуэхэмкIэ. А зэманым дунейм и дахагъэмрэ и беягъэмрэ зыхрагъэщIащ цIыкIуэхэм. Пшыхьыр усэу, уэрэду, кьафэу зэхэуху энат. ЦIыкIуэхэр кьуажжьхьэмкIэ зэхьэзэхуащ, щIэныгъэ зыхэлъ джэгуэ гъэщIэгъэнэхэм хэтащ. Сыт бжьыхьэм тхьэмпэхэр зэмыфэгъу щIэхъур, уэшхыр къыщIешхырейр, кьуалэбзуэхэр щIыпIэ хуабэм щIалъэтэжыр? А псом теухуауэ я гупсысэхэр жаIащ гъэсэнхэм. Пшыхьым хэтащ пIыхьужь гъэщIэгъэнэхэр: бжьыхьэ гуащэр, уд фызыжьыр, пыпхэр! Абыхэм сабийхэр псом хуэмыдэу щыгуфIыкIащ. Бжьыхьэ гуащэм кьахуигуэшащ и хьугуэфIыгъэхэм щыщ - пхъэщхьэмыщхьэ!

НАФIЭДЗ Данэ.

Адэкlэ зыри хуэмеиж хуэдэу

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Севастополь» (Севастополь) - 0:4 (0:2), Налшык, «Спартак» стадионым. ЩэкIуэгъуэм и 11 -м. ЦIыхуи 100 елъащ.

Судьяхэр: Молдован (Краснодар), Гаджигусейнов (Мэхъэчкъалэ), Кокаев (Владикавказ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Молэмусэ, Березов, Далиев (Мэкъуауэ, 67), КIэдыкIуей, Топурие, Хьэшыр, Селяев (Жангуразов, 46), Торосян, Котов (ПIуп, 46), Масленников (Гуэгузокъуэ, 76).

«Севастополь»: Тыщенкэ, Потапов, Климентовский, Плотников, Иванов, Мироненкэ (Белый, 82), Зеленкевич (Грищенкэ, 77), Смирнов, Меликян (Хватаев, 69), Супрун (Гуйганов, 77), Османов (Рыболовлев, 69).

Топхэр дагъэкIащ: Османовым, 31 - (0:1), Мироненкэ, 48 - (0:2, пенальтикIэ), Смирновым, 42 - (0:3), Османовым, 62 - (0:4).

Дагъуэ къыхуащIащ: Молэмусэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я етIуанэ Iыхьэм ипкъ иткIэ и «Спартак-Налшыкым» щэкIуэгъуэм и 11-м кьигъэблагъащ Севастополь и «Севастополь»-р.

ТхьэмахуитI хуэдизкIэ уэзIэбзэкIыжмэ, командхэр Севастополь къалэм щызэхуэзат. Абы щыгъуэ джэгур зэрытемыгъэкIуаеу иухат, хэгъэрейхэр кьатегупплIэ зэпыту екIуэкIа пэтми. Мы зэIущIэри зэрыщIидзар апхуэдэущ.

Джэгун зэрырагъажьэу хьэщIэхэр ди гъуащхьэм кьытелъэдащ икIи Iэмалыфl яIащ топ кьытхудагъэкIыну. Гъуащхьэхъумэ Климентовский Роман щхьэкIэ зауэ топым Къумыкъу Аслъэнбэч кьригъэгъэзащ. Гъуащхьэхъумэныкъуэ Потапов Лев иджыри зэ ди гъуэм лъэщу кьеуащ, ауэ топыр зытIэкIынитIэкIэ гъуэм блэлъэтащ.

Апхуэдэ щытыкIэм ди командэр арэзы кьищIыртэкъым, ауэ лъэщу кьебгъэрыкIуэ «Севастополь»-м и щIалэхэм кьыхуагупсысын ямыщIэу, зэрыжаIэу, я щхьэ кьрахьэкIырт. ХьэщIэхэм ящыщ Меликян Григорий ди гъуащхьэхъумэхэм яхуэмыуфыду штрафнойм илъэдат, арщхьэкIэ Къумыкъум топыр угловойм игъэкIуащ. Иужькlэ и закъуэу ди гъуэм къытелъэдащ гъуащхьэхъумэныкъуэ Мироненкэ Виталий, ауэ ари зыхуущIэкъуам лъэIэсакъым.

Дауи, щэч хэлътэкъым, апхуэдиз ебгъэрыкIуэныгъэм хьэщIэхэм гува-щIэхэми фейдэ къызэрыхахыну икIи зэпеуэм и япэ Iыхьэм и 31-нэ дакъикъэм ар зригъэхьэлIащ. Севастополдэсхэм угловой кърата нэужь ди гъуащхьэтетыр гъуэм кьыдэжри, топыр зыIэщIигъэкIащ, адэкIэ гъуащхьауэ Османов Редван топым щхьэкIэ еуэри, къытхудигъэкIащ.

Абы иужькlэ куэд дамыгъэкIыу хьэщIэхэм бжыгъэр 0:2 ящIащ. ЗэIущIэм и 35-нэ дакъикъэм ди гъуащхьэм пенальти къытрагъэуващ, Молэмусэ Ренат и Iэм топыр зэрытехуам щхьэкIэ. Ар ЗэкIуэлъакIуэу игъэззэщIащ Мироненкэ Виталий. Къумыкъу Аслъэнбэч топыр здэкIуэну лъэныкъуэр кьищIат, ауэ абы зыкIэлъидза щхьэкIэ, лъэIэсакъым. Молэмусэми, абы кьыдэкIуэу карточкэ гъуэжьыр кьрагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр и кIэм нэблэгъащ налшыкдэсхэм Iэмалыфl дыдэ кьахукъуэкIат хьэщIэхэм я гъуэр кьащтэну, арщхьэкIэ Котов Саввэ IэкIуэлъакIуэу кьрата топыр Торосян Севадэ гъуэм и сэхьэм тригъэхуащ. Абы иужькIи, апэ Iыхьэм кьыщыдащIагъуэ зэманым хьэнэжа щымыIэу, Хьэшыр Алан гъуэ нэщIым техуакъым.

ЕтIуанэ Iыхьэмэ щIидзэжащ хьэщIэхэр кьыдэбгъэрыкIуэу икIи зэман хуэд трамыгъэкIуадэу ещанэ топыр ди гъуэм кьыдагъэкIащ. Ар кьыщыхъуар 48-нэ дакъикъэращ. КъыхэжаныкIар гъуащхьэхъумэныкъуэ Смирнов Александрщ. Ардыдэм абы иужькIэ иджыри зы Iэмал иIащ зэIущIэм етIуанэу кьыщыхэжаныкIыну - ар зэуа топыр и ныбжьэгъу Османовым техуэри, бжыгъэри 0:4 хьуащ. Ар кьыщыхъуар 62-нэ дакъикъэрщ икIи командхэм адэкIэ топ дахужакъым.

Таблом кьыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэм арэзы кьыззэращIыр наIуэу, хьэщIэхэр нэхъ тесабыращ, зэIущIэри хуэмурэ икIэм нагъэсащ. Ауэ, ди командэм нобэ топджэгу губгъуэм сыт щищIар, жыпIэмэ - и гъуэм топиплI дригъэгъэкIащ. Гукъыдэж е хэлъэт хэслъэгъуакъым я джэгуIам. ТекIуэныгъэм зэрыхуIэмыкъуам, зэрымыгугъуам уреГъэгупсыс ахэр адэкIэ зыри хуэмеижу. Хэт ищIэрэ - сыщыIуэнкIи хъунущ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командхэм а махуэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: - **«Победа»** - **«Биолог-Новокубанск»** - **1:1**, **«Алания-2»** - **СКА** - **0:2**. **«Динамо-2»** - **«Динамо»** (Ставрополь) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» щриГъэкIуэкIынур щэкIуэгъуэм и 15-рщ. А махуэм ди командр хьэщIапIэ щыIэу «Биолог-Новокубанск»-м дэджэгунущ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.«Севастополь»	5	3	2	0	17-5	24
2. ««СКА»	5	5	0	0	17-8	24
3. **«Спартак-Налшык»**	**5**	**2**	**1**	**2**	**12-13**	**17**
4. «Алания-2»	5	1	1	3	18-17	15
5. «Динамо-2»	5	2	2	1	15-12	14
6. Биолог-Новокубанск	5	0	2	3	9-14	12
7. «Победа»	5	0	3	2	13-24	9
8. «Динамо»	5	0	3	2	5-13	6

Гу зылъыпапхъэ: зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм къыщахьа очко бжыгъэхэри турнир таблицэм къыщыгъэлъэгъуащ.

УнафэщI-редактор
ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.625
Заказыр №2475
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщагъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елажьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.